# Пайхамаран дахар доцца

Имам Iабдул-ГIаний ал-Макъдисий

Гочдар, маьIна дар:

Адаман Султанан
Олхазар

«Динул-Ислам» 2014

http://dinulislam.org

# Чулацам

Олхазаран дешхьалхе ... 3
Имам Іабдул-ГІанийн дошдолор ... 5
Элчанан схьава́лар ... 6
Нана ... 7
Дуьненчу ва́лар ... 8
Да-нана а, деда а кхалхар ... 9
Вакхор ... 10
ЦІерш ... 11
Маккахь кхиар, Ше́ма вахар, Хади́жа ялор ... 14
Делера кхайкхам боссар ... 15
Маккара Мединате кхалхар (хІижрат дар) ... 16
Кхалхар ... 17
Бераш ... 18
Хьадж а, Іумраташ а ... 20
ГІазоташ ... 21
Яздархой, геланчаш ... 22
Девежарий, дейижарий ... 26
- Девежарий ... 26
- Дейижарий ... 28
ХІусамнаной ... 29
Цуьнан гІуллакхе хьожуш хилларш, цуьнан азатхой ... 35
Говраш, кхидолу дийнаташ ... 38
Герзаш ... 41
Элчанан куц, амат ... 42
Амалш, гІиллакхаш, кхийолу дикаллаш ... 48
Пайхамараллин тешаллаш, билгалонаш ... 53

## Олхазаран дешхьалхе

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!

Хастам бу АллахIана, Iаламаш кхоьллина, Шен къинхетамца уьш кхиош-кхобуш, уьш лелош волчу. Тхан Дела, Хьуна хила хьакъ болу хастам бо оха Хьуна, доьххьара Ахь тхо кхолларна, тIаккха Ахь тхо адамаш кхолларна, цуьнца Ахь тхо кхечу кхолларшна юкъахь сийлахь дарна, тIаккха Ахь тхо бусалба кхолларна, тIаккха Ахь тхо Хьайна дукха везначу Пайхамаран Мухьаммадан (Делера салават, салам хуьлда цунна) умматах дарна. Ахь тхуна делла диканаш дукха ду-кх, хастам бу-кх Хьуна йа АллахI!

Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дахар довзар хIора бусалба стеган а, зудчун а декхар ду. ХIунда аьлча, иза – вайн Пайхамар ву, Дала вайна Шен дин довзуьйтуш ваийтина хилла ву, Дала вайга шех масал эца аьлла верг ву, адамашна юкъахь уггар сийлахь верг ву, кхачамалла долуш хилларг ву.

Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дахар довзаран пайданаш дийцина ца валлал дукха ду. Дикка ойла а йеш цуьнан дахарх лаьцна дешначунна, иза девзинчунна шена билгал девра ду уьш, Дала мукъа лахь. Цуьнан дахар алсам мел девза, иза юх-юха мел доьшу, хIорозза керла-керланаш гуча а дуьйлуш, совдуьйлуш хир ду уьш. Iеламнаха и пайданаш шортта хьехийна а, билгалдина а делахь а, йоьшуш волчу хьоьга – хIай лераме ешархо – хьайга цу тIехь ойла йайтархьама кхузахь хIинца ца хьахош дуьту вай уьш. Цундела, хIара жайна айхьа доьшучу хенахь а, дешначул тIаьхьа а ойла йé, хIун пайда хили хьуна кху тIера хьайна девзинчух хьайн дахарна а, хьайн кхетамна а, хьайн леларна а, иштта кхидIа а. Ткъа, хIара жайна жима хиларе терра, йа кху кепара яздинарг ахь вайн маттахь доьххьара доьшуш хиларна, юьхьанца дукха ду аьлла ца хета мега хьуна и пайданаш. Ткъа хIара жайна – уггар жиманиг ду ала мегар долуш ду, кху юкъахь хьехориг уггар кIеззиг дерг ду ала мегар долуш ду, коьрта-коьрта долу хIума ларалуш ду, цундела, кхунах бахьана а хилла, Дала мукъа лахь, хьуна вайн Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) вовзар сов мел долу, хьо цуьнан дахарх хьайн дахарна масал эца мел гIоьрта, хьо хьайн лелар цуьнчух тардан мел гIоьрта, ахь и вуьйцуш, и вовзуьйтуш долу жайнаш алсам мел доьшу, хьайн дахарехь а, кхетамехь а, ойланехь а, лелярехь а дикчу агIор баккхий хийцамаш хуьлуш гур ду хьуна, Делан пурбанца.

ХIара жайна яздинарг – хьалха хилла болчу бакккхийчу Iеламнахах цхьаъ ву. Имам Iабдул-гIаний ал-Макъдисий ю цуьнан цIе. Де цIе Iабдул-вáхьид хилла цуьнан. Дуьненчу вáлар (Палестинехь) Байтул-Макъдисана гергахь ДжаммáIúл цIе йолчу меттехь хилла цуьнан, хIижратан терахьца 541 шарахь. Дукха жима волуш шен доьзалца цхьаьна Дамаске кхелхина, цигахь Iийна иза, цул тIаьхьа Мисрехь а, кхечу меттигашкахь а Iийна иза. Кхалхар Мисрехь хилла цуьнан, 600 шарахь. Имам Iабдул-гIаний хьадисан Iилмангахь йоккха гIулч яьккхина, и Iилма дика девзаш хилла ву.

Цундела, цуьнан дуккхах долу жайнаш цу Iилманца а, хьадисашца а доьзна ду. Вай гочдан а, маьIна дан а долийна долу «Iумдатул-ахька́м» цIе йолу хьадисийн жайна яздинарг а и ву. Дала къинхетам бойла цунах.

ХIара жайна ша́ жима жайна ду. Шина декъехь яздина ду хIара: цхьа да́къа Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дахарх лаьцна коьрта дерг довзуьйтуш ду, шолгIа да́къа – дуьненахь боллушехь шайга ялсаманийца кхаъ баьккхина волу итт асхьаб вовзуьйтуш ду. Ткъа вай цкъачунна гочдинарг а, жимма маьIна динарг а доьххьара да́къа ду, шолгIаниг Дала пурба лахь тIаьхьа тIекхиор ду.

Кху жайни юкъахь хIора агIонан бухара билгалдахарш дерриге соьгара ду. И билгалдахарш дуккхах долчу декъана Имам Iабдул-гIанийс аьллачуьнан маьIна дар ду, йа цо аьллачух лаьцна дийцина долу хьадис ду, йа и шиъ ший цхьаьне ду. Цхьадолу да́къош дуьйлалуш хIокху шина къовлар [ ] юкъара цIерш а ас хIиттийна ю, доьшучунна атта хилийта.

Кху тIехь бина болх кхачам боллуш бу аьлла хеташ вац со, ткъа хIара доьххьара зорба ду кхуьнан, цундела, Дала пурба лахь, тIаьхь-тIаьхьа догIучу зорбанашкахь жимма совнаха тIетохарш хила тарло, Делан гIоьнца, Дала мукъа лахь. Ткъа хIинца хIара зорбане даккхаран бахьана – хIинца ша́ долчу куьцехь кхунах хила мегаш болу пайда ешархошна хиларга догдахар ду.

ХIокху жайнал хьалха вай гочдина, маьIна дина, «Динул-Ислам» сайта тIехь зорбане даьккхинера Имам Iиззудди́н Iабдуссала́ма яздина долу жима жайна, «Пайхамаран дозаллаш» цIе йолуш. ТIаккха, цул хьалха аудио-куьцехь маьIна динера вай Шейх Нуруддин Iитра яздина долчу кхечу жимчу жайнина, «Пайхамаран дахар» аьлла вайгара цIе а хIоттош. ХIокху жайница цхьаьна цу шиннахь пайда эца лууčунна и шиъ ший а «Динул-Ислам» сайта тIехь долуш ду.

ТIаккха, доккха баркалла олу ас таллам барца кху жайне хьаьжна волчу Асланна, Iумарна. Дела реза хуьлда шуьшинна, Дала йоле дуьллийла шуьшинан къахьегар.

Веза-сийлахь волчу АллахI Деле доьху ас Цо Ша́ Шен дерриге кхолларшна юкъара Шена хаьржина волчу Шен Элчанна Мухьаммадна уггар лакхара даржаш далар, цунах Шен доза доцу къинхетам бар, цунна Шегара маршалла кхачор. Цул тIаьхьа доьху вай Цуьнга, Цо вайна иза вовзарехь гIо дар, цуьнан дахар довзарехь а, цунах пайда эцарехь а, цунах масал эцарехь а Цо вайна гIо дар. ТIаккха, хIокху жайнах бахьана а хилла, хIара яздинчу Имам Iабдул-гIанийх а, доьшуш долчу вайх массерах а къинхетам бар, кхунах бахьана а дина Дала вай Къемат дийнахь Пайхамаре (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шафа́Iат дайта Ша пурба делла болчерах дар, цуьнца вай цу дийнахь цуьнан Iо́ман йистошкахь цхьаьнатохар.

Адаман Султанан Олхазар

19.02.2014 = 19.04.1435

## [Имам Iабдул-ГIанийн дошдолор]

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца! Цунах тешна а ву со!

Имам Абу Мухьаммад Iабдул-ГIаний ибн Iабдул-Ва́хьид ал-Макъдисийс аьлла, Дела реза хуьлда цунна, Дала реза а война иза:

Хастам бу АллахIана, стигал а, латта а кхоьллинчунна, нур а, бода а хилийтина волчу, кхиэлаца къастам бархьама кхоллар гулдийр волчу, дика деш хилларш толаме хилийта а, дакъаза бовла безарш дакъаза бовлийта а.

Ас тешалла до АллахI воцург кхин дела ца хиларца, ша цхьаъ ву Иза, цхьаъа накъост вац Цуьнца. И тешалла до ас, ша́ динарг бекхам бийр болчу дийнахь ирсе веш долу.

АллахIан къинхетам а, лаккхара даржаш а, дозаллаш а, беркаташ а хуьлда элчанийн а, пайхамарийн а элана Мухьаммадана, цуьнан охIлунна а, дозаллехь къаьсташ хилла болчу цуьнан асхьабашна а.

Цул тIаьхьа… ХIара цхьа кIеззиг долу дийцар ду, вайн эла а, вайн пайхамар а волчу, Дала Шена хаьржина волчу Мухьаммадан хьелашха лаьцна, Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна. ХIара вай дуьйцур дерг – ца хиъча ца долуш дерг ду массо бусалба нахана. Дала пайда бойла хIокхуьнца вайна а, хIара дешначунна а, хIокхуьнга ладоьгIначунна а.

## [Элчанан (Делера къинхетам, маршалла а хуьлда цунна) схьава́лар]

Цуьнан схьава́ларца (цуьнан цӀийнаца) долор ду вай.

Иза Абул-Къо́сим ву,[1] Мухьаммад,[2] ӀабдуллахӀан кӀант.[3] Цуьнан (ден) да Ӏабдул-муттӀалиб ву. Цуьнан да ХӀа́шим ву (кхидӀа иштта хьала бу уьш:) Ӏабд Мана́ф – Къусай – Кила́б – МуррахӀ – КаӀб – Луай – ГӀо́либ – ФихӀр – Ма́лик – ан-Надр – Кина́нахӀ – ХузаймахӀ – МудракахӀ – Илйа́с – Мудар – Низа́р – МаӀадд – Ӏадна́н – Удад – ал-Мукъаввим – На́хьу́р – Тайрахь – ЙаӀруб – Йашжуб – На́бит – Исма́Ӏи́л – Ибра́хӀи́м, Къинхетаме волчуьнан доттагӀ – Та́рихь, цуьнан цӀе А́зар а ю – На́хьу́р – Са́ру́Ӏ – Ра́Ӏу́ – Фа́лих – Ӏайбар – Ша́лих – Арфахшад – Са́м – Ну́хь – Ламак – Муту́шалх – Ахну́х; иза Идрис пайхамар ву бохуш а дуьйцу; иза А́даман тӀаьхьлонна юкъахь доьххьара шега пайхамаралла делларг а ву, доьххьара къоламца яздинарг а ву – Йард – МахӀли́л – Къайнан – Йа́наш – Ши́с – А́дам, Делера салам хуьлда цунна.

Иштта оцу кепара цуьнан дай бийцина Мухьаммад ибн Исхьа́къ ибн Йаса́р ал-Маданийс, цуьнгара схьа деанчу цхьана дийцарехь.

Ӏадна́на тӀекхаччалц цхьабарт хилла бу и некъ, цу тӀехь цхьаъа къовсам а бац, ткъа цул тӀаьхьа берг тайп-тайпана бийцина бу.

Къурайш (шен цӀарах Къурайшин тайпа доладелла верг) – иза Ма́ликан кӀентан ФихӀран кӀант ву. Цхьаболчара иза Кина́натан кӀант ан-Надр ву аьлла а ду.

---

[1] «Абу» бохург кхузахь «да́» бохург ду. «Ал-Къо́сим» - Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кӀента цӀе хилла. «Абул-Къо́сим» аьлча, «Къо́симан да» бохург хуьлу иза. Ӏаьрбошна юкъахь дукха хьалхе дуьйна иштта лелош хилла ду иза, стагана а, зудчуьнан а цуьнан берех цхьаьнца иштта цӀе йоккхуш. Уллера вевзаш цхьаъ велахь, цуьнан шен цӀе ца йоккхуш, цуьнан лерамана а, цуьнца йолу уьйр чӀагӀйеш а йоккху Ӏаьрбоша иштта и цӀе, «Хьенехан да» олий, «Хьенехан нана» олий. Оцу кепара долчу оцу цӀеяккхарх Ӏаьрбийн маттахь «кунйа» олу.

[2] Вайн Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цӀерех цхьа цӀе ю иза. И йоцург кхин а дуккха цӀерш хилла цуьнан, церах цхьаерш жимма тӀаьхьа юьйцур ю Имам Ӏабдул-ГӀанийс.

[3] Вайн Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ден цӀе ӀабдуллахӀ хилла. Цуьнан маьӀна – АллахӀан лай бохург ду.

## [Нана]

АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) нана: А́минат (А́минахI) ю. Цуьнан да ВахIб ву (кхидIа цуьнан дай иштта бу:) – Iабд Мана́ф – ЗухIрахI – Кулла́б – МуррахI – КаIб – Луай – ГIо́либ.

## [Дуьненчу ва́лар]

АллахӀан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) вина Маккахь, «пи́лан шарахь»,[4] раби́Ӏул-аввал баттахь, цунах ши буьйса яьллачул тӀаьхьа, оршотан дийнахь.[5]

Цхьаболчара аьлла: «пи́лан шарал» ткъеитт шо тӀаьхьа вина иза. Кхечара аьлла: шовзткъа шарал тӀаьхьа вина иза. Ткъа нийса дерг – иза «пи́лан шарахь» вина хилар ду.

---

[4] Хьалха-хьалха хиллачу Ӏаьрбоша лелош шерийн терахь ца хилла. Цхьана шара чохь цхьа доккха хӀума хилча, цхьа къаьстина хӀума хилча, оцу хӀуманан цӀарца цӀе йоккхуш хилла цара шерашна. Ткъа, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) винчу шарна «пи́лан шо» аларан бахьана – цу шарахь КаӀбат дохо деана хиллачу эскарца пилаш хилла хилар ду. АбрахӀат цӀе йолуш цхьа паччахь хилла, Йемен оцу паччахьан куьйгаллий кӀелахь хилла цу хенахь. Оцу паччахьан цхьа цӀа хилла дина, адамашка иза даздайта а, уьш цу тӀе лелийта а. Ткъа, дукхах долу адамаш Маккахь долчу сийлахь КаӀбат тӀе, Делан цӀен тӀе лелаш хилла, шайна хьалхе дуьйна девзаш долчу. ТӀаккха оцу паччахьна дагадеана иза дохо, адамаш шен цӀентӀе лелийтархьама. Юкъахь пилаш а долуш, доккха эскар а эцна, Маккийна герга кхаьчна иза. Маккийн бахархойн ницкъ тоьар болуш ца хилла оцу доккхачу эскарна доьхьало йан. Маккийна гена воццуш сецна хиллачу цунна тӀе Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) де́да́ Ӏабдул-муттӀалиб вахана, цуьнца машар лаха. Ӏабдул-муттӀалиб цу хенахь Маккахь хьалхара стаг лоруш хилла, КаӀбатан коьрта гӀулкхаш лелориг а хилла. АбрахӀатан а, Ӏабдул-муттӀалибан а дийцарша машар ца бина. Цигахь аьлла Ӏабдул-муттӀалиба оцу паччахье: «Оцу КаӀбатан шен Да ву, Цо лардийр ду иза». АбрахӀатан эскар Дала хӀаллакдина, олхазарш дахийтина Цо царна тӀе, шайца тӀулгаш долуш. Цара и тӀулгаш оцу эскарна тӀе а тийсина, и пилаш а, и эскар а хӀаллакьхилла. Цунах лаьцна ду Къуръан тӀера тӀаьххьарчу кегийчу сураташ юкъара «Ал-Фи́л» цӀе йолу сурат. Шена чохь иштта и доккха хӀума хилла долчу оцу шарах тӀаккха наха пилан шо аьлла. Оцу шарахь вина Делан Элча а (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Имам Ӏабдул-ГӀанийс ма-аллара.

[5] Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дуьненчу валарх лаьцна билггал хууш дерг – иза Маккахь вина хилар а ду, иза раби́Ӏул-аввал баттахь вина хилар а ду, иза оршотан дийнахь вина хилар а ду. Муьлхачу шарахь вина бохучух нийса дерг – пилан шо хилар а ду, жимма хьалха вай ма-дийццара. Ткъа, рабиӀул-аввал беттан масолгӀачу дийнахь вина иза бохург билггал сецна хилла хӀума дац, цундела Ӏеламнаха тайп-тайпана дийцина ду иза. Цу хьокъехь кхечерал алсам девзаш хьахийна дерг диъ де ду: шолгӀа де, бархӀолгӀа де, иттолгӀа де, шийттолгӀа де.

## [Да-нана а, деда а кхалхар]

АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) да IабдуллахI, Iабдул-муттIалибан кIант, Элчанан ткъе бархI бутт кхаьчначу хенахь велла хилла. Цхьаболчара, цуьнан да иза ворхI бутт кхаьчча а волуш велла хилла аьлла. Вукхара, цуьнан да иза ненан кийрахь а волуш, Нáбиг1атан цIахь велла хилла аьлла. Маккийна а, Мединатна а юкъахь йолчу ал-Абвáъ олучу меттехь велла хилла аьлла а ду иза. Абу IабдуллахI Зубайр ибн Баккáр аз-Зубайрийс аьлла: «Iабдул-муттIалибан кIант IабдуллахI велла АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Мединатехь а волуш, цуьнан ши бутт кхаьчначу хенахь».[6]

Цуьнан нана цуьнан диъ шо кхаьчча елла. Цуьнан деда Iабдул-муттIалиб иза бархI шо кхаьчна а волуш велла. Цуьнан нана цуьнан ялх шо кхаьчча елла хилла аьлла а ду.

[6] Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) да IабдуллахI кхалхарх лаьцна Iеламнаха нийса лерина дерг – Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шен ненан кийрахь а волуш иза велла хилар ду. Нийса дерг и ду аьлла билгалдинчу Iеламнахах ву Имам Ибнул-Джавзий а, Имам Ибнул-Къаййим а, Имам Ибн Касир а, Имам аз-ЗахIабий а, Имам Ибн Хьаджар а.

## [Вакхор]

Делера салават а, салам а хуьлда цунна, иза вакхийна хилла Сувайбата, Абу ЛахIабан азатхо[7] хилла йолчу.

Цуьнца цхьаьна цо вакхийна хилла Iабдул-муттIалибан кIант Хьамзат а, Абу СаламахI IабдуллахI ибн Iабдил-асад ал-Махзумий а.

Шен кIентан Масру́хьан шуьрийца бакхийна хилла цо уьш.[8]

Кхин а, Бану СаIд тайпанах хилла йолчу, Абу Зуайбан йоIа Хьали́мата а вакхийна хилла иза.

---

[7] Хьенехан азатхо аьлча - цуьнан лай а хилла, тIаккха цо маьрша даьккхина долу адам бохург ду.

[8] И Масру́хь дуьненчу ваьлча кхоллаелла йолчу шуьрийца бакхийна бохург ду иза.

## ЦIерш

МутIIиман кIанта Джубайра дийцина, АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) элира аьлла: «Бакъдолуш, со Мухьаммад ву;[9] со Ахьмад а ву;[10] со ДIадойъург а ву, АллахIа соьца керстаналла дIадойъуш ду; со Гулдийриг а ву, адамаш гулдеш волу;[11] со ТIаьххьарниг а ву, сайл тIаьхьа кхин пайхамар воцуш волу». ХIара хьадис нийса ду, Бухарийс а, Муслима а дийцина а ду.

Къайсан кIанта Абу Муса IабдуллахIа дийцина: «АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) тхуна шен цIерш ехира, церах цхьаерш тхуна дагахь а лаьттира. Цо элира:

---

[9] Мухьаммад бохучуьнан маьIна – хастаме долу куьцаш дукха дерг, цундела наха юх-юха хестош дуккха хестош верг бохург ду. Имам Iийа́да (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Наха ша́ хестоле хьалха Далла хастам беш хилла цо. Эхартахь шен Далла хастам бийр бу цо, тIаккха Дала цуьнга шафаIат дойтур ду, тIаккха адамаша хастор ву иза. Цунна цхьанна делла Дала, хастам баран сурат (ал-Фатихьат) а, хастаман байракх а, хастаме меттиг а (азан динчул тIаьхьа доIанехь вай цунна йоьхуш йолу). Шена хастам бар делла цунна Дала, яахIума йиинчул тIаьхьа а, молу хIума меллачул тIаьхьа а, доIа динчул тIаьхьа (иза дIадерзош) а, цхьанхьа новкъа ваханчура юхавирзича а. Цуьнан умматан цIе тоьхна а ю, «дуккха хастам бийриш» аьлла. Оцу кеппара, хастаман а, хесторан а маьIнаш гулдина хилла ду цунна, Делера къинхетам а, хазчу хасторца хастор а, лаккхара даржаш а, даккхий диканаш а, маршаллаш а хуьлда-кх цунна». (Фатхьул-бари, 6/555).

[10] Ахьмад бохучуьнан маьIна – АллахIана массерал дукха хастам бийриг бохург ду, кхечу адамаша бечул дукха АллахIана хастам бийриг бохург ду. Дуьненахь волуш а массерал дукха а, дика а шен Далла хастам бийриг хилла иза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), эхартахь а цхьаммо ца бинчу кепара АллахIана хастам бийр верг ву иза, кхечунна цхьанна а ца довзийтина долу хастаман дешнаш довзуьйтур ду цунна Дала, жимма хьалха вай ма-дийццара.

Мухьаммад а, Ахьмад а боху ши цIе кхечу пайхамарийн хилла яц. Оцу шина цIарца, йа оцу шиннах цхьаьнца вевзаш хилла ву иза цул хьалха хиллачу пайхамаршна, оцу шина цIарца Дала вовзийтина хилла а ву иза, во́гIур волуш ву аьлла. Оцу шина цIарца, йа оцу шиннах цхьаьнца, Къуръанал хьалха хилла долчу жайнашкахь вуьйцуш хилла а ву иза, во́гIур волуш ву бохуш.

[11] Цо адамаш гулдеш хилар, йа вуьшта аьлча, цуьнца адамаш гулдийр хилар шина маьIнийца хила йиш ю: иза тIаьххьара пайхамар вина ваийтар цул тIаьхьа кхин пайхамар хирг ца хилар гойтуш ду, ткъа иза Къемат де герга хилар гойтуш ду, ткъа Къемат дийнахь адамаш маьхьшаран майданахь гулдийр долуш ду; иза лаьттара доьххьара хьалагIаттор верг ву, цул тIаьхьа цунна тIаьххье кхидолу адамаш лаьттах хьалагIиттор ду, тIаккха уьш дерриге маьхьшаран майданахь гулдийр ду.

«Со Мухьаммад ву, со Ахьмад ву, со ТӀаьхьа вогӀург ву,[12] Тоба даран пайхамар а ву,[13] Къинхетаман пайхамар а ву».[14]

Иштта хӀокху дешнашца дийцина а ду иза: «ТӀеман пайхамар а ву».[15] ХӀара хьадис нийса ду, Муслима дийцина ду иза.[16]

---

[12] Сайл хьалха хиллачу пайхамарийн ларшна тӀахьа вогӀург ву со, церал тӀаьхьа вогӀург ву со, тӀаьххьара пайхамар ву со бохург ду цуьнан маьӀна.

[13] Тоба даран пайхамар хилла ву иза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), хӀунда аьлча, цуьнан уммат юкъара бусалба наха шайн дегнашца а, меттанашца а тоба дича, Деле цара гечдар дехча, Дала Ша церан тоба къобал дийр хилар довзуьйтуш ваийтина хилла ву иза, ткъа цуьнан умматал хьалха хилла долчу цхьадолчу умматашна тоба къобал даран биллам хӀоттийна хилла бу цара шаьш байъар. Амма вайн Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) умматера тоба Дала къобал деш ду, дагца а, маттаца а иза дина хилча. Цул совнаха, вайн Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Деле верзар дукха долуш хилла, тоба дар дукха долуш хилла, гечдар дехар дукха долуш хилла, цхьана дийнахь 70-зза йа 100-зза тоба деш хилла цо, гечдар доьхуш хилла цо. Цундела, Тоба даран пайхамар аьлла цӀе а хилла цуьнан.

[14] Къинхетаман пайхамар хилла ву иза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), хӀунда аьлча Дала иза массо Ӏаламашна къинхетам бина ваийтина хилла ву, цуьнан дахар дерриге къинхетам хилла ду, цуьнан лелар а къинхетам хилла ду. Делан некъахь гӀазот дечу хенахь бен цкъаъа цхьанна а тоьхна яц цо, йа цкъаъа цхьанна а тӀечевхина а вац иза. Адамашка вовшашца къинхетаме хила бохуш кхайкхам беш веана ву иза, вовшашца къинхетамца весет деш хила бохучу кхайкхамца веана ву иза. Къинхетамах лаьцна а, къинхетаман дозаллех лаьцна а, къинхетаме хила везарх лаьцна а цо дийцина долу хьадисаш дешначунна, царна тӀехь ойла йинчунна, цуьнан шен дахарехь и къинхетам мел боккха хилла девзинчунна билггал хуур ду Дала иза Ӏаламашна къинхетам бина ваийтина ву бохучуьнан маьӀна, цо ша къинхетам бу аьлла долчу дешнийн маьӀна.

[15] ТӀеман (гӀазотан) пайхамар хилла ву иза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), хӀунда аьлча Делан динна доьхьало ечахь, Делан дин Цуьнан лайшка дӀакхачорна новкъарло ечахь, гӀийла нахана, заьӀап нахана, зударшна, берашна гӀело ечахь, бехк боцу нах хьийзош зулам дечахь, бусалба нахана а, цаьрца бехачу кхечу нахана а, бусалба нехан махкана а арахьарчу мостагӀийн кхерам болчахь, ишттачу меттигашкахь доьхьало йан езарца Дала ваийтина хилла ву иза. Шен дахарехь масийттозза тӀамехь дакъалаьцна а ву иза, тӀом бина а ву иза, тӀеман баьчча хилла а ву иза, ницкъ болуш хилла ву иза, гӀорасиз а хилла вац иза, гӀийла а хилла вац иза. Герз даьккхинчунна доьхьал герз даьккхина хилла ву иза, зулам динчуьнгара бекхам эцна а ву иза. Ткъа иза иштта ца хиллехьара-м, гобаьккхина хиллачу цуьнан мостагӀаша, шайна юкъахь уггар йоккха ши импери а йолуш, Бусалба дин а, и дин лелош болу бусалба нах а хӀаллакбина хилла хир бара. Цундела, бусалба пачхьалкхе кхоьллинчул тӀаьхьа дуьйна, ша́ дӀакхалххалц йолчу юкъахь, оцу 10 шара чохь тӀемаш дукха хилла ду цуьнан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). ХӀетте а, оцу дерриге тӀемашкахь къинхетамах хаьдда а вац иза. Адамаш дайъарга а, адамаш хӀаллакдарга а, цӀий Ӏанарга а, тӀеман бохамашка а хьаьгна хилла а вац иза. И довза луург хьожийла оцу дерриге тӀемашкахь цо шен куьйга мас адам дийна а, цо куьйгалла деш хилла долчу оцу дерриге тӀемашкахь мас адам делла а. =

Iабдуллахlан кlанта Жабира дийцина, Аллахlан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) элира аьлла: «Со Ахьмад ву; со Мухьаммад ву; со Гулдийриг ву; со ДIадойъург ву, АллахIа соьца керстаналла дIадойъуш ду. Ткъа, Къемат де хилча, хастаман байракх соьгахь хир ю, со элчанашна хьалхаваьлла церан имам а хир ву, церан шафа́Iатан да а хир ву».[17]

Нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIа Шен дезчу Жайнахь (Къуръан тIехь) иштта цIерш яьхна а ю цуьнан: ﴾Кхаъ боккхург﴿ а, ﴾Кхерам лург﴿ а;[18] ﴾Къахетарг﴿ а, ﴾Къинхетам бийриг﴿ а;[19] ﴾Iаламашна къинхетам﴿.[20] [21]

---

= Бусалба дин кхачаме дин ду, Къемат де кхаччалц хир долчу дуьнена тIера массо адамашна Дала делла дин ду, цундела цу чохь адамашна оьшуш долу массо хIума ду, хIора а шен-шен меттехь до́гIуш долуш, машар а бу, маьрша дахар а ду, иза коьрта а ду, цуьнца цхьаьна, оьшучохь тIом а бу. Иза иштта хилар Бусалба динан кхачамалла гойтуш ду. Ткъа, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Тобанан а, Къинхетаман а, ТIеман а пайхамар хилар цуьнан дозалла гойтуш ду.

[16] Муслима дийцинарг и доьххьарниг ду. Ткъа, цул тIаьхьа хьахийна долу «ТIеман пайхамар а ву» аьлла дерг Муслима дийцина дац, Ахьмада а, Ибн Хьиббана а, Тирмизийс а дийцина ду. И шиъ ший а нийса а ду, Имам Iабдул-ГIанийс ма-аллара.

[17] ТIабаранийс дийцина иза.

[18] Сурат «Ал-Бакъарат», 119 айат.

[19] Сурат «Ат-Тавбат», 128 айат.

[20] Сурат «Ал-Анбийаъ», 107 айат.

[21] Уьш йоцурш кхин а дуккха цIерш ю Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), цо деш хилла долчу хIуманашка хьаьжжина, цуьнан куьцашка хьаьжжина. Церах ю, масала, Къуръан тIехь Дала цуьнан яьхна йолу хIара цIерш: «Теш», «АллахIе кхойкхург», «Дагавоккхург», «Дика», «Нисвийриг», «Тешамениг», иштта кхиерш а.

## Маккахь кхиар, Ше́ма вахар, Хади́жа ялор

АллахIан элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) буобер долуш кхиъна. Цуьнан дедас Iабдул-муттIалиба доладеш хилла цуьнан, цул тIаьхьа цуьнан девешо Iабдул-муттIалибан кIанта Абу ТIа́либа дола деш хилла цуьнан.

Нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIа цIанвина (ларвина) иза цIунашна Iибадат даран воллех а, массо сакхтах а. Дерриге хаза гIиллакхаш а, амалш а елла Цо цунна. Шен нахана юкъахь «Тешаме верг» аьлла бен вевзаш а ца хилла, цуьнан тешамалла а, цуьнан бакълер а, цуьнан цIеналла а царна гина хилла дела.

Шен шийтта шо кхаьччи, шен девешийца Абу ТIалибца Ше́ма вахана иза. Бусро́ цIе йолчу метте[22] кхаччалц дIавахана иза цуьнца, цигахь Бахьи́ра́ цIе йолу мозгIарна гина иза, тIаккха цуьнан куьцаца вевзина цунна иза (пайхамар хир ву иза аьлла).

Цунна тIе а веана, цуьнан куьг схьа а лаьцна, аьлла цо: «ХIара Iаламийн эла ву! ХIара Iаламийн Делан элча ву! АллахIа Iаламашна къинхетам бина воуьйтур волуш ву хIара!».

«Хьуна мичара, муха хаьа иза?» аьлла шега хьаьттича, аьлла хилла цо: «ХIокху гIалий чуйогIучу меттехула шу схьадогIуш долуш, цхьаъа дитт а, тIулг а ца дисира сужуде (гор) охьа ца дужуш. Ткъа цара сужуд ца до пайхамар воцучунна. Тхуна тхайн жайнашкахь вуьйцуш карош ву иза».

ТIаккха цо Абу ТIалибе дехар а дина, жуьгтех цунна кхерам болу дела Макка юхавигина цо иза.

Цул тIаьхьа шолгIа а вахана иза Ше́ма, Хадижатан (Дела реза хуьлда цунна) гIуллакх лелош волчу Майсараца, Хади́жа ша́ яголе хьалха, цуьнан йохкаэцар эцна. Бусро́ гIаланан базара а кхаьчна, цигахь шен йохкаэцар чекхдаьккхина цо.

ТIаккха, шен ткъе пхиъ шо кхаьчча, Хади́жа ялийна цо, Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна.[23]

---

[22] Шемахь (Сирехь) къилба малхбузехь йолчу гIаланан цIе ю иза.

[23] Дела реза хуьлда цунна, Хади́жа цу хенахь шовзткъа шо кхаьчна хилла.

## [Делера кхайкхам боссар]

Цуьнан шовзткъа шо кхаьчча, АллахIа Шен сийлахьаллийца къастийна иза, Шен кхайкхаман геланча а вина иза.

Жабраил малийк (Делан салам хуьлда цунна) деана цунна тIе, иза Маккахь Хьира́ъ цIе йолчу хьéха чохь волуш.

Маккахь хан яьккхина цо (цул тIаьхьа), кхойтта шо. Пхийтта шарахь Iийна аьлла а ду иза, итт шарахь Iийна аьлла а ду. Ткъа нийса дерг – доьххьарниг ду.

Ша Маккахь Iаш волуш, Байтул-Макъдис тIевоьрзий ламаз деш хилла цо, КаIбатана букътухуш а ца хилла цо, мелхо а иза шена хьалха хуьлуьйтуш хилла цо (шена а, Байтул-Макъдисна а юкъахь нисдолуьйтуш хилла цо, иштта дIахIуттуш хилла иза ламазана).

Мединате веанчул тIаьхьа а дина цо ламазаш Байтул-Макъдисехьа вирзина а волуш, вуьрхIийтта йа ялхийтта баттахь.

## [Маккара Мединате кхалхар (хIижрат дар)]

ТIаккха, Мединате кхелхина иза (цига хIижрат дина цо), шеца цхьаьна Абу Бакар Сиддикъ а волуш (Дела реза хуьлда цунна), цуьнан азатхо волу ФухIайратан кIант Iамир а волуш.

Некъ гойтуш царна хьалхаваьлларг Лайс тайпанах волу УрайкъитIан кIант IабдуллахI хилла. Керста хилла иза, Бусалба дине веана аьлла хууш а дац иза.

Мединатехь итт шарахь ваьхна Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна).

## [Кхалхар]

Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кхелхина шен кхузткъе кхо шо долуш. Кхузткъе пхиъ шо долуш аьлла а ду, кхузткъа шо долуш аьлла а ду, делахь а доьххьарниг нийсох ду.

Оршот дийнахь кхелхина иза, малх дикка хьалабаьллачу хенахь, раби́Iул-аввал беттан шийтта буьйса дIаяьлча. Ши буьйса яьлча кхелхина аьлла а ду, раби́Iул-аввал бутт болалуш аьлла а ду.[24]

Кхаарин буьйсанна дIавоьллина иза. Шинарин буьйсанна воьллина аьлла а ду.[25]

Иза цомгаш лаьттина йолу хан шийтта де хилла. Дейтта де хилла аьлла а ду.

(Цуьнан шичо) Абу ТIалибан кIанта Iе́лас а, цуьнан девешо Iаббаса а, Iаббасан кIанта ал-Фадлас а, Iаббасан кIанта Къусамас а, цуьнан азатхо хилла волчу Зайдан кIанта Уса́мас а, Шукъра́на а лийчина хилла иза. Цаьрца цигахь хилла ансарех волу Хавлин кIант Авс.

КIайн кхаа кIадийца марчо хьарчийна хилла цунна, царна юкъахь коч а ца хилла, чалма а ца хилла.

Докъа ламаз цунна тIехь бусалба наха хIораммо ша́ цхьаъ волуш дина, хьалха ваьлла имам а воцуш.

ДIавуьжуш цо шена тIетосуш хилла долу цIен кIадий бухадиллина хилла цунна (каш чохь).[26]

(Иза дIавуллуш) цуьнан каш чу ваьлла хилла Iаббас а, Iела а, Фадл а, Къусам а, Шукъран а. Лахьтан тIехула исс тIулг хIоттийна а хилла цунна.

Ша́ Дала кхалхийначу меттехь, шен маттана уллехь дIавоьллина иза. Шен хIусамехь, Iаиша Iаш йолчу хIусамехь каш даькkхина цунна, ор а доккхуш, цу чохь лахьта а доккхуш.

Цул тIаьхьа цуьнца цу чохь дIавоьллина Абу Бакар а, Iумар а, Дела реза хуьлда цаьршинна.

---

[24] Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хIижратан терахьца цхьайттолгIачу шарахь кхелхина хилар а, и кхелхина бутт рабиIул-аввал хилар а, и кхелхина де оршот де хилар а Iеламнахана юкъахь бартхилла хIума ду ала мегар долуш ду. Оцу дийнан терахь билгалдар – иза тайп-тайпана дийцина ду, цунах гIарадаьлла дерг а, дукхах болчу Iеламнаха аьлла дерг а иза шийттолгIа де хилар ду.

[25] Нийса дерг кхаарин буса воьллина хилар ду, (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна).

[26] Велларг каш чу вуьллуш цунна буха хIума йиллар дика лоруш дац Iеламнаха. Ткъа, Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) бухадиллина долу и кIадий къаьсттина цуьнца доьзна хIума ду, иза шен хIусам чохь дIаволлар санна.

## Бераш

[КIентий]

Цуьнан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кхоъ кIант хилла:

ал-Къо́сим – цуьнан цIарах ю цуьнан «кунйа» а, «Абул-Къо́сим» (Къо́симан да) аьлла. Элчане пайхамаралла далале хьалха Маккахь вина иза, цигахь вала а велла иза, шен ши шо кхаьчча. Къата́дас аьлла: когаваххалц ваьхна иза.

IабдуллахI – «ат-ТIоййиб» (Диканиг) а олу цунах, «ат-ТIа́хIир» (ЦIена верг) а олу цунах, хIунда аьлча иза Бусалба динехь вина волу дела. «ТIоййиб» олург а, «ТIа́хIир» олург кхин кIант ву аьлла а ду, делахь а нийса дерг доьххьарниг ду.

ИбрахIим – Мединатехь вина иза, цигахь вала а велла иза, хIижратан терахьца иттолгIачу шарахь, шен вуьрхIийтта йа берхIийтта бутт кхаьчча.

Кхин а цуьнан цхьа кIант хилла аьлла ду, Iабдул-Iузза́ (Iузза́н лай) цIе йолуш; ткъа (иза нийса дац), нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIа цIанвина ву оцу хIуманах, ларвина ву иза цунах.[27]

ЙоIарий:

Зайнаб – иза ялийна хилла Абул-Iа́са, Iабд-Шамсан Iабдул-Iузза́н Раби́Iан кIанта; цуьнан ненавешин кIант а ву иза; ткъа оцу Абул-Iа́сан нана Хувайлидан йоI ХIа́лахI хилла. Цунна Iела вина Зайнаба, иза жима волуш велла; Ума́мат а йина, и ю Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ламаз деш шеца лелийнарг, ПетIамат (Фа́тIимахI) еллачул тIаьхьа Iелас ялийна хилла иза.

Фа́тIимахI (вай ПетIамат олу) – АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) йоI ю иза а. Абу ТIолибан кIанта Iелас ялийна хилла иза. Цунна Хьасан а, Хьусайн а вина цо; Мухьассин а вина цо, жима волуш велла иза; Умм Кулсу́м а йина цо, ХаттIа́бан кIанта Iумара ялийна хилла иза; Зайнаб а йина цо, Абу ТIолибан ЖаIфаран кIанта Iабдулла́хIа ялийна хилла иза.

---

[27] Доьххьара хьахийна волу и кхо кIант – Къасим, IабдуллахI, ИбрахIим – воцург кхин кIант хилла вац Делан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Iабдул-Iузза́ (Iузза́н лай) цIе йолуш кIант хилла цуьнан бохург нийса дац, бакъ дац. «АллахIан лай» олуш а доцуш, цхьана кхечуьнан лай аьлла цIе тиллар АллахIаца накъост лацар ду, иза уггар доккха къа ду. АллахIа ларвина, цIанвина Шен Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Шеца накъост вархь, цундела цо цкъаъа Делаца накъост вина хилла вац шен дахарехь, йа кхидолу къинош летийна хилла а дац. И ду Имам Iабдул-ГIанийс аьллачуьнан маьIна.

РукъаййахI (вай Рукъет олу) – АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) йоI ю иза а. Iаффáнан кIанта Iусмана ялийна хилла иза, цуьнгахь йолуш йала а елла иза.

Цул тIаьхьа Умм Кулсýм ялийна цо, иза а цуьнгахь йолуш елла.

Рукъаййас кIант вина хилла Iусманна, IабдуллахI цIе тиллина хилла цо цунна, цуьнца «кунйа» йоккхуш хилла цуьнан, IабдуллахIан да олий.

Оцу кеппара, йоIарий – йиъ ю, цу тIехь цхьабарт хилла а бу. Ткъа кIентий кхоъ ву, иза нийса дерг а ду.

Доьххьара цунна вина хилларг Къóсим ву, тIаккха Зайнаб ю, тIаккха РукъаййахI ю, тIаккха ФáтIимахI ю, тIаккха Умм Кулсýм ю. ТIаккха Бусалба динехь винарг IабдуллахI ву, цул тIаьхьа ИбрахIим ву, иза Мединатехь вина а ву.

Цуьнан бераш дерриге Хадижата дина хилла ду, цхьа ИбрахIим воцург, ткъа иза (Мисрера) къибтIех (коптех) йолчу Мáрийата вина ву (вай Марет олу).

Уьш массо цул хьалха белла, цхьа ФáтIимахI (ПетIамат) йоцург, ткъа иза цул тIаьхьа ялх баттахь яьхна.

## Хьадж а, Іумраташ а

Яхьян кІанта ХІаммáма дийцина Къатáдас аьлларг: «Ас элира Анасе: «Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) масозза хьадж дина?». Цо элира: «Цкъа цхьа хьадж дина цо; диъ Іумрат а дина цо: цхьа Іумрат керстанаха иза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) КаІбат тІе ца витинчу хенахь дихкина хилла цо;[28] шолгІа Іумрат цара цуьнца шолгІачу шарахь юхавогІур ву аьлла бартбинчу хенахь дина цо; кхоалгІа Іумрат ДжуІрóнахІ олучу меттера дина цо, Хьунайнехь тІом хиллачул тІаьхьа цигахь хІонс шá дІасаекъна ваьлча; кхин цхьа Іумрат шен хьаджаца а дина цо». Иза нийса хьадис ду, Бухарийс а, Муслима а дийцина а ду.

Иза и Мединате веанчул тІаьхьа хилларг ду. Амма иза Маккахь волуш цо дина хьадж а, Іумрат а – иза девзаш дац.

Ткъа цо дина хьадж – иза «Іодика йаран хьадж» олург ду. Цигахь Іодика йина хилла цо нехан, цигахь аьлла хилла цо: «ХІокху шарал тІаьхьа кхин ца ган мега шуна со».[29]

---

[28] ХІижратан терахьца ялхолгІачу шарахь Мединат йистера Зул-Хьулайфа цІе йолчу меттера Іумрат дихкина, Іумрате ваха новкъа ваьлла хилла Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), шен асхьабашца. Маккийна герга кхаьчначу хенахь, Хьудайбийа олучу меттехь севцца хилла уьш. Цул тІаьхьа Маккара керстанаха шаьш Маккийчу дохкуьйтур дац шу аьлла цаьрга. Иштта церан и дийцарш хиллачул тІаьхьа, «Хьудайбийахь бина болу барт» аьлча бевзаш болу барт бина цара. Цу берта юкъахь хилла, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шен асхьабашца цигара юха Мединате дІагІур хилар, тІедогІучу шарахь Іумрат юхавогІур волуш. Иштта цу шарахь и Іумрат кхочушдар ца нисделла цуьнан, Маккийна герга кхаччалц схьа а веана, юхаверза дезна цуьнан. ТІедогІучу шарахь дина цо доьххьара кхоччуш долу Іумрат.

[29] И маьІна долу хьадис дийцина Муслима а, Абу Давуда а, Насаийс а, Ибн МáджахІас а.

## ГӀазоташ

АллахӀан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ткъе пхиъ гӀазоте ваха араваьлла хилла. И терахь ду гӀарадаьлла девзаш дерг. Мухьаммад ибн Исхьа́къа а, Абу МаӀшара а, Муса ибн Ӏукъбата а, кхиболчара а аьлла иза иштта. Ткъе ворхӀ гӀазот хилла аьлла а ду уьш.

Ткъа цо цхьацца тӀеман гӀуллакхаш тӀедехкина дахийтина долу эскарш а, тӀеман тобанаш а шовзткъеитт йа цунна герга хилла.

(Оцу ткъе пхеаннах) исс меттехь бен тӀом бина бац цо: Бадрехь а, Ухьудехь а, Хандакъехь а, Бану Къурайза цӀе йолуй, МустӀалакъ цӀе йолуй жуьгтийн шина тайпанца а, Хайбарехь а, Макка йоккхуш а, Хьунайнехь а, ТӀаифехь а. Ва́дил-Къуро́ олучу меттехь а, Вадил-ГӀо́бахӀ олучу меттехь а, Бану Нади́р цӀе йолчу жуьгтийн тайпанца а тӀом бина хилла цо аьлла а ду.

## Яздархой, геланчаш

[Яздархой]

Цунна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) оьшург яздеш хилларш: Абу Бакар, Iумар ибн ал-ХаттIаб, Iусман ибн Iаффан, Iалий ибн Аби ТIолиб, Iáмир ибн ФухIайрахI, IабдуллахI ибнул-Аркъам аз-ЗухIрий, Убай ибн КаIб, Сáбит ибн Къайс ибн Шаммáс, Халид ибн СаIид ибн ал-Iáс, ХьанзалахI ибн ар-РабúI ал-Асадий, Зайд ибн Сáбит, МуIáвийахI ибн Аби Суфйáн, Шурахьбúл ибн ХьасанахI.

МуIáвийахI ибн Аби Суфйан (Абу Суфйáнан кIант МуIáвийа) а, Зайд ибн Сáбит (Сáбитан кIант Зайд) а и болх уггар алсам бина хилла ву, цуьнца къаьсташ хилла ву.

[Геланчаш]

АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) геланча вина вахийтина хилла Iамр ибн УмайяахI ад-Дамурий,[30] Эфиопин паччахь волчу, (цуьнан цIе Асхьама ю, ткъа цуьнан маьIна совгIат бохург ду), тIаккха цо Делан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кехат схьа а эцна, шен шина бIаьрга тIедиллина хилла, тIаккха шен гIанта тIера охьа а воьссина, лаьтта охьа а хиъна, Бусалба дин тIелаьцна цо, дика бусалба а хилла цунах. Делахь а, доьххьара цо Бусалба дин тIелацар Абу ТIолибан кIантехула ДжаIафарехула хилла.

Нийса хьадисехь дийцина а ду, и веллачу дийнахь Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цунна тIехь докъа ламаз дира аьлла.[31] Цуьнан каш тIехь саццаза нур хилара гуш олуш а ду.

---

[30] Майраллийца а, гIо оьшучунна гIо ца кхоорца а гIараваьлла вевзаш хилла иза нахана юкъахь. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шен цхьа къаьсттина дан дезаш гIуллакх хилча, и кхочушдан вохуьйтуш хилла иза. Наггахь шá цхьаъ вохуьйтуш а хилла цо, цхьацца тIеман декхарш кхочушдан. МуIáвийа (Дела реза хуьлда цунна) халиф хIоьттинчу заманахь велла иза, (Дела реза хуьлда цунна).

[31] Кхузахь вуьйцуш волу и паччахь Маккара асхьабаша шá волчу хIижрат дина верг ву, Имам Iабдул-ГIанийс ма-аллара цуьнан цIе Асхьама а ю, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шега и кехат даийтича иза къобал а дина, цуьнан лерам бина хилла цо. Бусалба дин тIелаьцна а хилла цо.

Оцу Асхьамехула а, Iамрехула а ялийна Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Умм ХьабúбахI (Дела реза хуьлда цунна). Шен хIусамдеца Эфиопи хIижрат динчех (цига кхелхина баханчех) хилла иза, ткъа цуьнан хIусамдас керста дин тIелаьцна цигахь, цул тIаьхьа иза велла. ТIаккха, цо ларйан еза хан цуьнан дIаяьллачул тIаьхьа, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шена иза яло векил вина Iамр ибн УмайяахI. Эфиопи шá дIакхаьчча, Iамра иза Асхьаме хаийтина, тIаккха цо

Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) геланча вина вахийтина ДихьйахI ибн Хали́фахI ал-Калбий, ру́мийн (Риман бахархойн) паччахь волчу. Оцу паччахьан цIе ХIиракъл хилла. Пайхамарх (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) лаьцна хеттарш дина хилла цо, иза бакъ пайхамар хилар хиъна хилла цунна, Бусалба дин тIелаца ойла йина а хилла цо, делахь а ру́маша (римахоша) тIе ца дитина иза, цундела, шен паччахьалла шегара дIадаларна кхеравелла хилла иза, тIаккха Бусалба дин тIе ца лоцуш вухаваьлла иза.

АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) геланча вина вахийтина хилла IабдуллахI ибн Хьуза́фахI ас-СахIмий, персийн паччахь волчу. Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кехат датIийна хилла цо, тIаккха Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла: «АллахIа паччахьалла дохадойла цуьнан». Дала паччахьалла дохийна цуьнан а, цуьнан къоман а.

Хьа́тIиб ибн Аби́ БалтаIахI ал-Лахмий вахийитина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Мисран а, Александри́йан а паччахь волчу геланча вина. Диканца жоп делла цо цунна, герга а веана иза цунна, делахь а Бусалба дине ца веъна иза. Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда

---

мах бина цаьршинна юкъахь, Умма Хьабибатана урдона 400 динар а делла Асхьамас. Ткъа Умм Хьабибатан агIор Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) векалца мах бинарг Умма Хьабибатан шича Халиб ибн СаIид хилла.

Асхьама валар шена хиъча, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ша́ Мединатехь а волуш докъа ламаз дина цунна тIехь. Бухарийс а, Муслима а, кхечара а дийцина ду Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цунна тIехь и ламаз дар: Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кадам бира нахе, ша́ Мединатехь волуш, Эфиопин паччахь хилла волчу Асхьама веллачу дийнахь; цо элира: «Кхечу махкахь шун цхьа ваша велла («АллахIан дика лай велла» элира аьлла а деана ду иза), хьалагIовтта, дуьло ламаз де цунна тIехь»; асхьабаша хаьттина тIаккха: «Мила ву иза?». Цо жоп делла: «Эфиопин паччахь ву»; кхин а аьлла цо: «Гечдар деха аш шайн вешийна»; тIаккха цаьрца араваьлла иза Мединатал арахьара ламаз дечу метте, тIаккха ша́ хьалха а ваьлла, уьш ши могIа бина шена тIаьхьа а хIиттийна, дакъа хьалха долуш санна докъа ламаз дина цо цаьрца.

ТIаккха, и Асхьама (Дала къинхетам бойла цунах) веллачул тIаьхьа, Эфиопехь керла хIоьттинчу паччахье а кехат яздина хилла Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), делахь а цо Бусалба дин тIелаьцна йа ца лаьцна хууш дац. ХIара шолгIа паччахь ву Анасера схьа (Дела реза хуьлда цунна) Муслима дийцинчу хьадисехь вуьйцург: «АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кехаташ яздира Персин паччахье а, Румийн паччахье а, Эфиопин паччахье а, нуьцкъала болчу массо паччахьашка а, лекха хинволчу АллахIе уьш кхойкхуш; ткъа кхузахь вуьйцу Эфиопин паччахь Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шена тIехь ламаз динарг вац». Иштта маьIна дина оцу хьадисан цхьаболчу Iеламнаха, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кехат дахьийтинарг Эфиопин ши паччахь хилла аьлла, доьххьаралераниг Бусалба дин тIелаьцна волу Асхьама а волуш (Дала къинхетам бойла цунах), шолгIаниг цул тIаьхьа хIоьттинарг а волуш. Ткъа дика хуург АллахI ву.

цунна) совгIатана елла цо къибтIех (Мисран бахархойх, коптех) йолу Ма́рийахI (вай Ма́рет олу) а, цуьнан йиша Си́ри́н а. ХIара тIаьхххьарниг Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Хьасса́н ибн Са́битана елла хилла, Iабдуррахьма́н цIе йолу кIант вина цо цунна.[32]

Iамр ибн ал-Iа́с а вахийтина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) геланча вина, Iума́нан ши паччахь Джуландийн ши кIант Джайфар а, Iабд а волчу. И шиъ Азд олучу тайпанах хилла ву, паччахьалла дийриг Джайфар хилла ву. Бусалба дин тIелаьцна хилла цаьршима, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) бакъвина а хилла цаьршима. Iамре закат схьагулдайтина цаьршима, шайна юкъахь урхалла а леладайтина цаьршима, Делан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дIакхалххалц царна юкъахь Iийна иза.

Сали́тI ибн Iамр ибн ал-Iа́мирий вахийтина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам, маршалла а хуьлда цунна), Бану Хьани́фа тайпана ХIавзахI ибн Iалий волчу.[33] Лерам бина тIелаьцна хилла цо иза, сий дина хилла цо цуьнан. ТIаккха Пайхамаре (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) иштта кехат яздина хилла цо: «Ма дика а, ма хаза а хIума ду ахь кхайкхош дерг! Ткъа со сайн нахана юкъахь дош лелаш, вистхуьлуш стаг ву, хьайца цхьаьна паччахьаллин цхьа да́къа луо суна». Ткъа и хIума Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) къобал дина ца хилла. ХIавзахI бусалба дине ца вогIуш виссина, (цул тIаьхьа дукха хан ялале) Макка яьккхинчу хена чохь велла иза.

Асадан тайпана волу Шужа́I ибн ВахIб вахийтина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Гiасса́нойх волчу ал-Хьа́рис ибн Аби-Шамир волчу, Шемара ал-Балкъо́ъ цIе йолчу меттиган паччахь хилла волчу. Шужа́Iа дуьйцу: «Иза Дамаскан бошмаш йолчахь волуш тIекхечира со цунна. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шега яздина кехат дийшира цо, тIаккха охьатесира цо иза. «Со (тIом эцна) гIур ву и волчу» элира цо». И хIума кхочушдан сацам бина хилла цо, делахь а ру́мийн (римахойн) паччахьо сацийна хилла иза.

Абу Умаййатан кIант ал-МухIа́жир ал-Махзу́мий вахийтина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Йеменера паччахьана ал-Хьа́рис ал-Хьимйарий волчу.

Ал-Хьадрамийн кIант ал-Iала́ъ вахийтина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Бахьрайн олучу меттиган паччахь Са́ва́н кIант ал-Мунзир ал-Iабдий волчу. Иза Бусалба дине кхойкхуш кехат яздина хилла цо цуьнга. Бусалба

---

[32] Амма Ма́рийахI (Дела реза хуьлда цунна) – иза Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хIусамнана ю. Хьажа хIокху жайни тIера «Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хIусамнаной» буьйцучу метте.

[33] Йама́ма цIе йолчу меттиган куьйгалхо хилла иза.

дин тIелаьцна хилла цо тIаккха, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) бакъвина хилла цо.

Абу Муса ал-АшIарий а, ансарех волу МуIáз ибн Джабал а вахийтина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Йемена агIора йолчу меттигашка, цигара нах Бусалба дине кхойкхуш. ТIаккха Йеменера юкъара нах а, цигара паччахьаш а Бусалба дине баьхкина хилла шайн лаамца, бина тIом боцуш.

## Девежарий, дейижарий

### [Девежарий]

АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цхьайтта деваша хилла:

Ал-Хьáрис: иза Iабдул-МуттIалибан уггар воккха доьзалхо ву, цуьнца цIе йоккхуш хилла а ю цунна (Абул-Хьáрис, Хьáрисан да олий). Цуьнан берех а, бера-берех а Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) асхьабаш[34] хилларш бу.

Къусам: жима волуш велла иза, ал-Хьарисан нанас вина ваша ву иза.

Аз-Зубайр: Къурайшин тайпанна юкъахь лóруш хиллачу нахах хилла ву иза.

Цуьнан кIант ву IабдуллахI ибн аз-Зубайр, АллахIан Элчанца (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Хьунайн гIазотехь хилла иза, юха ца волуш тIом бина цо цигахь. Ажнáдúнехь гIазотехь кхелхина иза. ВорхI стагана уллохь карийна хилла иза цигахь бохуш дийцина ду: цо уьш байъина хилла а, цара иза а вийна хилла.

Зубайран йоI хилла Дубáľа, асхьабех хилла ю иза.

Зубайран йоI хилла Уммул-Хьакам, Пайхамарера (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дийцина хьадисаш ду цуьнан.

Хьамза (вай Хьамзат олург): АллахIан лом а, Цуьнан Элчанан лом а хилла ду иза, цхьана нанас вакхорца цуьнан ваша хилла а ву иза. Хьалхxе Бусалба дин тIелаьцна хилла цо, Мединате хIижрат дина цо, Бадрехь гIазотехь хилла иза. Ухьудехь тIом болчу дийнахь гIазотехь кхелхина иза.

Цхьа йоI йоцург кхин доьзалхо хилла вац цуьнан.[35]

Абул-Фадл ал-Iаббáс: Бусалба дин тIелаьцна хилла цо, бусалбалла дика а хилла цуьнан, Мединате хIижрат а дина цо.

Пайхамарал (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кхо шо воккха хилла иза.

Итт кIант хилла цуьнан, церах ал-Фадл а, IабдуллахI а, Къусам а асхьабаш хилла.

Ткъе шийттолгIачу шарахь велла иза, Мединатехь, Iусмáн ибн Iаффáн куьйгалхо (халиф) волчу хенахь.

Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) девежарша Бусалба дин тIелаьцна ца хилла Iаббаса а, Хьамзата а бен.

---

[34] Асхьáб - Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ган а гина, цунах тешна волу стаг а, зуда а, бер а.

[35] Цхьаболчу Iеламнаха кхин ши кIант хилла цуьнан аьлла а ду.

Абу ТӀа́либ: Ӏабд-Мана́ф ю цуьнан цӀе. АллахӀан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) да Ӏабдуллахl а, иза а цхьана нанас вина хилла ву. Бадрах лаьцна гӀан гина йолу Ӏа́тика а, и шиъ а цхьана нанас бина хилла бу. Ткъа церан нана Фа́тӀима ю, Махзу́ман Ӏимранан Ӏа́изан кӀентан Ӏамран йоӀ.

Цуьнан доьзалхой хилла ТӀалиб – керста а волуш велла иза. Кхин а, Ӏакъи́л а, ЖаӀфар а, Ӏалий (вай Ӏела олург) а, Умм ХӀаниъ а хилла, уьш асхьабаш хилла. Умм ХӀа́ниан цӀе Фа́хита ю; ХӀинд ю аьлла а ду.[36]

Уьш боцург кхин а бу цуьнан бераш хилла бохуш бийцина.

Абу ЛахӀаб: Ӏабдул-Ӏузза́ ю цуьнан цӀе. Абу ЛахӀаб аьлла хилла цунах цуьнан дас, цуьнан юьхь хаза хиларна.[37]

Цуьнан доьзалхойх ву Ӏутба а, МуӀаттиб а, Хьунайнехь гӀазот долуш Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) юххера ца волуш тӀом бина цаьршима; ДуррахӀ а ю. Асхьабаш хилла бу уьш.

Ӏутайба а ву цуьнан кӀант, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) доӀа а дина, лоьмо вийна хилла иза Шемара аз-Заркъа́ъ олучу меттехь.[38]

Ӏабдул-КаӀбат а ву.

Хьаджал а ву, ал-МугӀи́ра а ю цуьнан цӀе.

Дира́р а ву, Ӏаббасан нанас дена вина ваша.

Ал-ГӀайда́къ (Комаьршаниг) а ву. И цӀе яьккхина хилла цунах иза Къурайшана юкъахь уггар комаьрша верг а, уггар дукха сагӀийна кхача луш верг а хилла дела.

---

[36] Умм ХӀа́ниъ бохург ХӀа́ниан нана бохург ду, «умм» бохург «нана» бохург ду. Хьенехан нана, йа хьенехан да́ олий, берийн цӀарца цӀе йоккхуш Ӏедал ду Ӏаьрбошна юкъахь, вайна юкъахь наггахь ма-аллара. Цунах «кунйа» олу. Ткъа оцу Умм ХӀа́ниан шен цӀе Фа́хита ю. Цхьаболчара цуьнан цӀе ХӀинд хилла аьлла а ду.

[37] «ЛахӀаб» бохучуьнан маьӀна – цӀе, а́лу́ бохург ду Ӏаьрбийн маттахь. Абу ЛахӀаб аьлча – А́лу́н да, А́лу́ йолуш верг бохург хуьлу. Цуьнан юьхь сирла хилла дела, иза мелла а сирла амат долуш хилла дела тиллина хилла цунна и цӀе цуьнан дас. И Абу ЛахӀаб ву Делан Элчанна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дукха новкъарлонаш йинарг, цунах кхаьрдаш лелларг, цуьнан цӀийнах болчу нахана юкъахь уггар чӀогӀа цунна доьхьал ваьлла хилларг. Цуьнан хьокъехь доьссина ду «Ал-Масад» цӀе йолу Къуръанан 111-гӀа сурат. Цуьнан доьххьара айатехь аьлла сийлахь-веза волчу АллахӀа: «ХӀаллакьхили (дакъаза дели) Абу ЛахӀабан ши куьг, ша́ а хӀаллакьхили (дакъаза вели) иза»…

[38] Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) пайхамаралла бакъ хиларан тешаллаш дуьйцучу меттехь хьахадо Имам Ӏабдул-ГӀанийс и дийцар: «Абу ЛахӀабан кӀанта Ӏутайбата хьийзийна хилла иза, коч ятӀийна хилла цуьнан. ТӀаккха доӀа дина хилла цо, Делан жӀаьлех цхьа жӀаьла цунна тӀетасар доьхуш. Шемара Заркъа́ъ олучу меттехь лоьмо вийна иза». Хьа́кима а, кхиболчара а дийцинчу хьадисашкахь ду иза.

## [Дейижарий]

Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дейиша ялх хилла.

Сафиййа: Бусалба дин тlелаьцна хилла цо, Мединате хlижрат а дина цо. Iавва́ман кlентан Зубайран нана ю иза. Мединатехь елла иза, ХаттІа́бан кlант Iумар паччахь (халиф) волуш.

Хьамзат а, иза а цхьана нанас дина ду.

Iа́тика: Бусалба дин тlелаьцна хилла цо аьлла ду (цхьаболчара). Бадрах лаьцна гІан гина хилларг ю иза. Махзу́ман Iумаран IабдуллахIан МугIи́ратан кlантехь Абу Умаййан зуда хилла ю иза.

IабдуллахI вина хилла цо цунна, ткъа IабдуллахIа Бусалба дин тlелаьцна хилла. Кхин а, ЗухIайр а, Йоккха Къари́бат а дина хилла цо цунна.

Арва́: Къусайн Iабдудда́ран ВахIбан кlентан Iумайран зуда хилла иза. ТIулайб вина цо цунна. Доьххьара хlижрат динчерах хилла ТIулайб, Бадрехь гIазотехь да́къалаьцна цо. Ажна́ди́н гIазотехь кхалхар а нисделла цуьнан. Кхин тIаьхье хилла яц цуьнан.

Умайма: Риа́бан кlентан Джахьшан зуда хилла иза.

Ухьудехь гIазотехь кхелхина волу IабдуллахI вина хилла цо цунна. БIаьрзе Абу Ахьмад а вина хилла цо цунна, байташ олуш хилла волу. Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хlусамнана хилла йолу Зайнаб а хилла цаьршинан йоI. Хьаби́ба а, Хьамина а хилла цаьршинан ши йоI. Асхьабаш хилла бу уьш берриге. Кхин цхьа доьзалхо хилла цаьршинан: Джахьшан кlант IабдуллахI цIе йолуш, Бусалба дин тlелаьцна хилла цо, делахь а Эфиопехь керста дин тIе а лаьцна, керста волуш велла иза.

Барра: Махзу́ман Iумаран Iабдулла́хIан ХIила́лан кlантехь Iабдул-Асадехь марехь хилла иза.

IабдуллахI шен цIе а йолуш, Абу СаламахI шех олуш хилла (волу асхьаб) вина хилла цо цунна. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ялоле хьалха Умм Саламатан хlусамда хилла иза.

Iабдул-Асадал тIаьхьа Абу Къайсан Iабдул-Iузза́н кlанта Абу РахIмас ялийна хилла иза. Абу Сабура вина хилла цо цунна.

Умм Хьаки́м: Iабдул-МуттIалибан йоI КIайниг олуш хилларг ю иза.

Iабд-Мана́фан Iабд-Шамсан Хьаби́бан РабиIатан кlантехь Курайзехь марехь хилла иза.

Арва́ йина цо цунна. Арва́ – Iаффа́нан кlентан Iусма́нан нана ю, Дела реза хуьлда цунна.

## ХIусамнаной

Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) доьххьара ялийнарг Хади́жа[39] хилла, Кила́бан Къусайн Iабдул-Iузза́н Асадан кIентан Хувайлидан йоI.

Цо иза ялийна шен ткъе пхиъ шо долуш.

Иза цуьнца Iийна, нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIа цуьнга элчаналла даллалц, цул тIаьхьа дика гIоьнча а хилла иза цунна. ХIижрат дале кхо шо хьалха йалар нисделла цуьнан, иштта и ду цуьнан йаларан хьокъехь аьлла долчух уггар нийса дерг. ХIижрат дале пхи шо хьалха елла хилла иза аьлла а ду, диъ шо хьалха елла хилла аьлла а ду. (Дела реза хуьлда цунна).

ТIаккха, Луайн Iа́миран Хьислан Ма́ликан Насран Iабд-вуддан Iабд-шамсан Къайсан кIентан ЗамIатан йоI Савда[40] ялийна цо, Хади́жайл тIаьхьа, ша́ Маккахь волуш, хIижрат дале хьалха.

Цул хьалха Iамран кIантехь Сакра́нехь хилла ю, Iамран кIентан СухIайлан вешигахь. Пайхамаргахь а йолуш къанйелла хилла иза, тIаккха цунна иза йита лиъча шен де Iаишатана делла цо, тIаккха йита ца юьтуш шен долахь сацийна цо иза. (Дела реза хуьлда цунна).

Абу Бакаран йоI Iа́иша[41] ялийна АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), ша́ Маккахь волуш, хIижрат дале ши шо хьалха. Кхо шо хьалха ялийна хилла аьлла а ду. Иза ялочу хенахь (цуьнан деца Абу Бакарца мах бечу хенахь) цуьнан ялх шо кхаьчна хилла. ВорхI шо кхаьчна хилла цуьнан аьлла а ду, ткъа нийса дерг доьххьарниг ду.[42]

Цуьнца цхьаьнакхетта Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хIижрат динчул тIаьхьа, Мединатехь; цуьнан исс шо кхаьчначул тIаьхьа.[43] Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Медината веанчул тIаьхьа ворхI бутт

---

[39] Хади́жат; вай «Хедишта» олу цIе цунах ю.

[40] Савдат олий йоккху вайна юкъахь и цIе.

[41] Iа́ишахI; вай Iайшат олу цIе цунах ю.

[42] Жималлехь мах беш хилла хьалха. ТIаккха, кIант а, йоI а доьзал дахарна кийча хиллачул тIаьхьа цхьаьнакхеташ хилла и шиъ.

[43] Цу хенахь а, цу довхачу мехкашкахь а йоI сиха кхуьуш хилла, оцу хена чохь хIусамнана хила а, доьзалан нана хила а кийча хуьлуш хилла, цундела цигарчу наха лелош хилла ду оцу хена чохь цхьанакхетар. Цундела, зама а, меттиг а, догIмийн хIоттам а таханлерачух къаьсташ хилла долу хьал таханлерачу хьолаца дуста ца деза, и башхаллаш дагахь латто еза и дуста дагадеанчо а, цунах нийса кхета луучо а.

болалуш хилла и шиъ цхьанакхетар. БерхIийттолгIа бутт болалуш хилла аьлла а ду иза.

Делан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кхелхина, иза берхIийтта шо кхаьчна а йолуш.

Ткъа иза ша́ кхалхар Мединатехь хилла, цигарчу БакъйI цIе йолчу кешнашкахь дIа а йоьллина иза, цо ша́ весет ма-дарра. Цуьнан кхалхар хIижратан терахьца шовзткъе берхIийттолгIачу шарахь хилла. Шовзткъе вуьрхIийттолгIачу шарахь хилла аьлла а ду иза, ткъа нийса дерг доьххьарниг ду. Цунна тIехь докъа ламаз дина Абу ХIурайрас.

И йоцург кхин йоIстаг ялийна хилла яц АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). «Умм IабдиллахI» (IабдуллахIан нана) олуш хилла цунах. Цуьнан кийрахь волуш Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цхьа доьзалхо велла хилла аьлла дийцина ду, делахь а нийса дац иза.

(Дела реза хуьлда цунна).

ХаттIа́бан кIентан Iумаран йоI Хьафса[44] (Дела реза хуьлда цаьршинна) ялийна Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна).

Цуьнга яле хьалха, Хьуза́фатан кIантехь Хунайсехь хилла ю иза, ткъа Хунайс АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) асхьабех хилла ву, Мединатехь велла а ву, Бадрехь хиллачу гIазотехь да́къалаьцна хилла а ву.

Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) иза йитина хиллера аьлла дийцина ду, тIаккха Жабраила (Делера салам хуьлда цунна) аьлла хилла боху цуьнга: «Бакъдолуш, АллахIа омру до хьуна Хьафса юхаерзор, бакъдолуш иза дукккха марханаш кхобуш ю, дукккха ламазаш деш ю, бакъдолуш иза ялсаманехь хьан зуда а ю».[45]

Iа́миран кIанта Iукъбат ал-ДжухIанийгара схьа дийцина ду, Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Iумаран йоI Хьафса йитина хиллера аьлла. ТIаккха и хабар Iумаре кхаьчча, шен коьрта тIе латта а тесна, аьлла Iумара: «ХIокхул тIаьхьа кхин хьожур вац АллахI Iумаре а, цуьнан йоIе а». ШолгIачу дийнахь Жабраил доьссина Пайхамарна тIе (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Цо аьлла

---

[44] Хьафсат а олу цунах.

[45] И хьадис ТIабара́нийс а, Хьа́кима а, ТIахьа́вийс а, кхечара а дийцина, Iеламнаха нийса ду а аьлла иза. Цу хьадисехь билгал ду Хьафсатан (Дела реза хуьлда цунна) доккха дозалла – Делан омрунца деанчу Жабраил малийко тоьшалла дина цунна, иза дукккха марханаш кхобуш а ю, дукккха ламазаш деш а ю, иза ялсаманехь Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хIусамнана а хир ю аьлла. Ткъа, иштта цу кепара Жабраил малийк деана хилар а, цо иштта Делера тоьшалла дар а Хьафсат кхечу зударшна юкъахь къастош долу хIума ду, цуьнан дикалла а, дозалла а, Далла гергахь иза сийлахь хилар а гойтуш долу хIума ду.

цуьнга: «Бакъдолуш, нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIа омру до хьуна Хьафса юхаерзор, Iумарах къинхетам беш».[46]

Хьафса елла ткъе ворхIолгIачу шарахь. Ткъе бархIолгIачу шарахь елла аьлла а ду иза, Къилбаседа Африка яьккхинчу шарахь.[47] (Дела реза хуьлда цунна).

Абу Суфьянан йоI Умм Хьаби́ба ялийна хилла АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Цуьнан цIе Рамла ю, Iабд-мана́фан Iабд-шамсан Умаййатан Хьарбан кIентан Сахран йоI.[48]

Шен майрачуьнца Джахьшан кIантаца Iабдулла́хIаца Эфиопе хIижрат дина хилла цо. Цуьнан майра цигахь керста дине ваьлла хилла, ткъа Умм Хьаби́ба Дала ларйина Бусалба динехь.

Иза Эфиопехь а йолуш ялийна иза Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Цуьнан меттана цунна урдо делла (Эфиопин паччахьо) Наджа́шийс, диъ бIе дина́р. Цу балхана Умаййатан кIант Iамр ад-Дамурий вахийтина хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Эфиопе.

Иза маре йогIуш цуьнан верас хIоьттина хилла Iаффа́нан кIант Iусман. Ал-Iа́сан СаIи́дан кIант Халид хIоьттина хилла цуьнан верас аьлла а ду.

Шовзткъе доьалгIачу шарахь елла иза. (Дела реза хуьлда цунна).

Умм Салама ялийна хилла АллахIан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Цуьнан цIе ХIинд ю, ГIо́либан Луайн КаIбан Мурратан Йакъазатан Махзу́ман Iумаран Iабдулла́хIан МугIи́ратан кIентан Абу Умаййатан йоI ю иза.

Пайхамаре (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) яле хьалха Абу Саламатехь хилла иза, Махзу́ман Iумаран Iабдулла́хIан ХIила́лан Iабдул-асадан кIант IабдуллахI ву иза.

Кхузткъе шолгIа шарахь елла иза. Мединатехь, «Бакъи́I»[49] олучу кешнашкахь дIайоьллина иза.

Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хIусамнаношна юкъахь тIаьххьара елларг ю иза. Майму́на хилла тIаьххьара елларг аьлла а ду. (Дела реза хуьлда цунна).

---

[46] ТIабара́нийс дийцина иза а, «Ал-муIжамул-кабир» тIехь.

[47] Шовзткъе пхоьалгIачу шарахь елла аьлла а ду иза цхьаболчу Iеламнаха.

[48] Абу Суфьянан цIе Сахр ю, ткъа Абу Суфьян «кунйа» ю, «Суфьянан да» бохучу маьIнийца лелош ю. Умм Хьаби́ба бохург а «Хьаби́батан нана» бохучу маьIнийца лелош йолу цIе ю, ткъа цуьнан вуьшта йолу цIе Рамла (Рамлат) ю. Цундела, Абу Суфьянан йоI Умм Хьаби́ба аьлча, Сахран йоI Рамла аьла а цхьа зуда ю юьйцург. Дела реза хуьлда цаьршинна шинна а.

[49] Пайхамаран маьждигана гена доццуш долчу кешнийн цIе ю иза.

Зайнаб ялийна хилла АллахӀан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Ӏадна́нан МаӀаддан Низа́ран Мударан Илйа́сан Мудракатан Хузайматан Асадан Ду́да́нан ГӀанаман Каби́ран Мурратан Сабиратан ЙаӀмуран Риа́бан кӀентан Джахьшан йоӀ.

Иза цуьнан дейишин, Ӏабдул-муттӀалибан йоьӀан Умайматан йоӀ ю.

Цул хьалха иза цуьнан азатхочуьнгахь хилла, Хьа́рисатан кӀантехь Зайдехь. Цо йитина иза, тӀаккха АллахӀа йахийтина иза Пайхамаре (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), цундела мах ца бина цо иза ялош.

Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) вукху хӀусамнаношка олуш хилла цо: «Шу шайн дайша дахкийтина ду маре, ткъа со АллахӀа яийтина ю ворхӀ стиглана тӀехулара».[50]

Мединатехь елла иза иттолгӀачу шарахь, «БакъиӀехь» дӀайоьллина иза. (Дела реза хуьлда цунна).

Зайнаб ялийна хилла АллахӀан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), МуӀа́вийатан СаӀсаӀатан Ӏа́миран ХӀила́лан Ӏабд-мана́фан Ӏамран Ӏабдулла́хӀан Хьа́рисан кӀентан Хузайматан йоӀ.

«Уммул-маса́ки́н» (Мискачеран нана) олуш хилла цунах, мискачу нахана цо дукха даар луш хилла дела.

Джахьшан кӀантехь ӀабдуллахӀехь хилла иза цуьнга яле хьалха. Хьа́рисан кӀантехь Ӏабдул-латӀи́фехь хилла аьлла а ду иза, делахь а нийса дерг доьххьарниг ду.

ХӀижрат динчул тӀаьхьа кхоалгӀачу шарахь ялийна цо иза. КӀеззиг хенахь бен ца яьхна иза цуьнгахь, шина йа кхаа баттахь бен (цул тӀаьхьа елла иза).[51] (Дела реза хуьлда цунна).

Джувайрийа ялийна хилла АллахӀан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), МустӀалакъан Ма́ликан Ӏа́изан Хьаби́бан Абу Дира́ран кӀентан Хьа́рисан йоӀ, Хуза́Ӏа тайпанах йолу.

МустӀалакъ тайпанца хилла болчу тӀамехь йийсаре йина хилла иза. Шамма́сан Къайсан кӀентан Са́битан да́къана юкъахь нисйелла иза. Иза маьрша юьтург цо мах лур болуш бартбина хилла цо цуьнца. Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) и мах дӀа а белла, шена ялийна иза, хӀижратан ялхолгӀачу шарахь.

Шовзткъе ялхийттолгӀачу шарахь, раби́Ӏул-аввал баттахь елла иза. (Дела реза хуьлда цунна).

---

[50] Бухарийс дийцина иза.

[51] БархӀ баттахь яьхна хилла иза цуьнца аьлла а ду. Иза а, Хади́жа а ю Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дийна а волуш цуьнан елла ши хӀусамнана. Вуьйжаш берриге Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) веллачул тӀаьхьа кхелхина.

Сафиййа ялийна хилла АллахӀан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Хазражан КаӀбан Абу Йахьйа́н АхтӀабан кӀентан Хьуйайн йоӀ, Надр тайпанах йолу, Ӏимранан кӀентан ХӀа́ру́нан (Ӏимра́нан кӀентан Му́са пайхамаран вешин) тӀаьхьенах йолу (Делера салам хуьлда цаьршинна).

Хайбарехь тӀом хилча йийсаре йина хилла иза, хӀижратал тӀаьхьа ворхӀолгӀачу шарахь. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ялайале Абул-хьакъи́къан кӀантехь Кина́натехь хилла иза, ткъа иза Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) вийна хилла.[52] ТӀаккха, (йийсаре йинчура) маьрша яьккхина хилла цо Сафиййа, и маьрша йоккхург иза ялош цунна урдо хӀоттийна а хилла цо.

ТкъеиттолгӀачу шарахь елла иза. ШовзткъеиттолгӀачу шарахь елла аьлла а ду. (Дела реза хуьлда цунна).

Маймӯна ялийна хилла АллахӀан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), МуӀа́вийатан СаӀсаӀатан Ӏа́миран ХӀила́лан Ӏабдулла́хӀан Рувайбатан ХӀариман Бужайратан Хьазнан кӀентан Хьа́рисан йоӀ.

Ха́лид ибн ал-Вали́дан а, ӀабдуллахӀ ибн Ӏабба́сан а ненайиша ю иза.

Сариф олучу меттехь ялийна иза Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), циггахь цхьанакхетар а хилла цаьршинан, цигахь йала а елла иза.[53] И меттиг — Маккийна гена йоццуш ю.

Иза - АллахӀах тешаш болчу бусалба нехан наной ла́ралуш болчу шен хӀусамнанойх Пайхамара (Делера къинхетам, маршалла а хуьлда цунна) тӀаьххьара ялийна зуда ю.

Иштта уьш бу, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шайца цхьанакхетта хилла болу зударий. Цхьайтта зуда ю уьш.[54]

---

[52] Хайбарехь тӀом боьдучу хенахь Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) эскаро вийна хилла иза бохург ду цуьнан маьӀна.

[53] Ша́ Ӏумрате воьдучу хенахь, Ӏумрат дехкале хьалха ялийна хилла иза Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), тӀаккха ша́ Ӏумрат дина а ваьлла, Мединате вухавогӀуш цу метте кхаьчча, цигахь цхьанакхетар нисделла и шиъ. ТӀаккха, Маймӯна йала герга йахча, оцу метте дӀайигийтина цо ша́, цигахь йалар нисделла цуьнан, тӀаккха и шиъ доьххьара цхьанакхеттачу меттехь дӀайоьллина иза, цуьнан шен иштта хилла болчу лаам кхочуш беш. Дела реза хуьлда цунна.

[54] Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) иштта зударий ба́лоран а, Дала цунна къаьсттина и бакъо йаларан а шен хьекъале бахьанаш а, пайданаш а хилла. Церах цхьадерш дийцина Имам Ибн Хьаджар ал-Ӏаскъола́нийс, Бухарийн «Сахьихь» жайнин маьӀна деш:

1 - Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) къайлах долу хӀуманаш, хийра нахана гуш доцу хӀуманаш алссам девзаш хилар, керстанаха иза бозбуанча ву алар а, кхийолу цара цунна тохкуш хилла цӀераш а бакъ йоций довзийтархьама. =

Уьш боцурш, кхин ворхI зудчуьнца мах бина хилла цо, делахь а цхьанакхетар ца хилла церан.

2 - Iаьрбойн тайпанаш цуьнца захало дар бахьана долуш сийлахь хилийтар.

3 - Уьш Бусалба динна тIебирзорехь оцу захалонех алсам пайда хилийта.

4 - Цунна Дала тIедожийна долу декхар совдаккхар. Цхьа а кхидолчу хIуманашка новкъарло ца йойтуш, Дала шега белла болу кхайкхам дIакхачо декхар хилла иза, ткъа хIусамнаной совбевлча, цунна тIедоьжна декхар а совдолуш хуьлу, цаьрга хьоьжуш ца Iаш шега белла кхайкхам дIакхачорехь алсам къахьега дезаш хилла хуьлу цо.

5 - Зударийн агIор цуьнан гергара нах алсамбовлар, цуьнца тIом бечарна доьхьал цуьнан алссам накъостий хилархьама.

6 - Божаршна ган йиш йоцу, доьзалера дахарца доьзна долу Бусалба динера хIуманаш дуьйцуш-девзаш хилар, уьш кхача ма-дезза дIакхачар.

7 - Цуьнан къайлах долу хаза гIиллакхаш а, дика амалш а алсам йовзар.

8 - И зударий кхабар а, царна рицкъа латтор а, церан бакъонаш ларйар а цо шена тIелацар. Хууш ма-хиллара, цо балийна дукхах болу зударий биссина зударий хилла, шайн дола деш, шайга хьожуш хIусамда воцуш хилла. Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна; Дела реза хуьлда царна.

## Цуьнан гӀуллакхе хьожуш хилларш, цуьнан азатхой [55]

Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гӀуллакхе хьожуш хиллачех бу:

Ан-Надран кӀентан Ма́ликан кӀант Анас, анса́рех хилла волу.[56]

Хьа́рисан ши йоӀ, ХӀинд а, Асма́ъ а, Аслам тайпанах хилла йолу.

КаӀбан кӀант Раби́Ӏа, Аслам тайпанах хилла волу.

МасӀу́дан кӀант Ӏабдулла́хӀ Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ши мача лелориг хилла. Иза хьалагӀаьттича тӀеюхуш хилла цо и шиъ цунна, иза охьахиъча шен шина пхьуьйша юьллуш хилла цо и шиъ, иза хьалагӀатталц.

ДжухӀайна тайпана волу Ӏа́миран кӀант Ӏукъбат цуьнан бӀа́рза лелориг хилла, иза дӀасавоьдучу хенахь цунна хьалхаваьлла воьдуш хилла иза.

Раба́хьан кӀант Била́л, моллакхайкхархо (азан деш хилларг).

СаӀд, Абу-Бакаран азатхо.

Зу́-Михмар, Наджа́шин вешин кӀант. Цуьнан йишин кӀант хилла иза аьлла а ду; Зу́-Михбар хилла цуьнан цӀе аьлла а ду.

Шадда́хан кӀант Букайр, Лайс тайпанах волу. Бакр хилла цуьнан цӀе аьлла а ду.

Абу Зарр ал-ГӀифа́рий.

Ва́къид, Абу Ва́къид, ХӀиша́м, Абу ДумайрахӀ, Хьунайн, Абу Ӏаси́б Ахьмар, Абу Ӏубайд.

---

[55] Азатхо – цкъа лай хилла, маьрша ваьккхинарг ву, стаг йа зуда.

[56] Анас ибн Ма́лик олург ву иза, Ма́ликан кӀант бохург ду иза. Анса́раш – Мединатан бахархой бу; «гӀо динарш» бохург ду цу дешан маьӀна; Маккара кхелхина бусалба нах цара Мединатехь тӀелаьцна дела, цара царна а, Пайхамарна а (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гӀо дина дела аьлла ду иза церах. Ткъа, Маккара кхелхина баьхкинчерах «мухӀажирш» олуш хилла ду, «кхелхина баьхкинарш» бохург ду иза; вайн маттахь а ду иза оццу маьӀнийца лелош, «мухӀажар» олу вай кхечу махка кхелхинчу стагах.

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Делан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гӀуллакхе хьожуш, цуьнан хьашташ кхочуш деш хилла со итт шарахь. (Оццул йолчу оцу ехачу хена чохь) «офф» ца элира цо соьга цкъа а. Ас динчу цхьанне хӀуманна, «ХӀунда дина ахь иза?», - ца элира цо соьга цкъа а. Ас ца деш дитинчу цхьанне хӀуманна, - «ХӀунда ца дина ахь иза?», - ца элира цо соьга цкъа а. Нахана юкъахь уггар хаза гӀиллакх а, амал а йолуш вара АллахӀан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна)». Тирмизийс а, Абу Давуда а, Бухарийс «Ал-адаб» тӀехь а дийцина иза.

Сафи́на; Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хIусамненан Умм Саламатан лай хилла ву иза, цо маьрша ваьккхина хилла а ву иза. Иза маьрша воккхучу хенахь биллам хIоттийна хилла цо цунна, шен дерриге дахарехь Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гIуллакхе хьожуш, цуьнан хьашташка хьожуш хир ву иза аьлла. Цо и биллам шена хIоттийча, аьлла хилла цо: «Ахь и биллам ца хIоттийнехь а дIакъаьстар вацара со АллахIан Элчанах (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна)».

Иштта уьш бу гIарабевлла берш, алсам бевзаш берш. Шовзткъа стаг хилла уьш аьлла а ду.

Цуьнан гIуллакхе хьожуш хилла болчу зударех бу:

Салма́ Умм Ро́фиI.

Барака Умм Айман; шен дегара йиссина хилла цунна иза; Зайдан кIентан Уса́ман нана ю иза.

СаIдан йоI Маймýна, Хадира, Радва́.

Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) азатхойх цхьаберш бу:

Ал-Калбий тайпанара волу Шара́хьйлан кIентан Хьа́рисатан кIант Зайд.

Цуьнан кIант Уса́ма ибн Зайд. Уса́мах лаьцна олуш хилла ду: Пайхамарна везаш верг, цунна везаш хиллачуьнан кIант хилла верг.[57]

Баждудан кIант Савба́н – Йеменера схьава́лар долуш хилла иза.

Абу Кабша, Маккахь вина а, цигарчу нахана юкъахь кхиъна а хилла иза. Цуьнан бакъйолу цIе Сулайм ю олуш ду. Бадрехь гIазотехь да́къалаьцна хилла цо. Давс тайпанан махкахь вина а, кхиъна а хилла иза аьлла а ду.

АнасахI, ас-Саро́т олучу меттехь[58] йина а, кхиъна а хилла ю иза.

Солихь, шех кхин а Шукъро́н олуш хилла волу.

Iаьржа бос болуш хилла волу Раба́хь.

Нýба олучу меттера[59] хилла волу Йаса́р.

[57] Зайд а, цуьнан кIант Уса́ма а Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дукха везаш хилла ву, цундела олуш хилла ду цаьршинна иза.

[58] Маккийна а, Йеменна а юкъахь йолу меттиг ю иза.

[59] Мисран къилбехь, Суданан къилбаседехь йолчу меттиган цIе ю иза.

Абу Ро́фиI. Цуьнан бакъйолу цIе Аслам хилла. ИбрахIим хилла аьлла а ду цуьнан цIе. Iабба́сан долахь лай хилла ву иза, цо Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) велла хилла иза, тIаккха цо мукъаваьккхина иза.

Абу МувайхIиба; Музайна тайпана юкъахь вина а, кхиъна а хилла ву иза.

Фадо́ла. Шемахь ваьхна иза (тIаьхьарчу хенахь).

Ро́фиI. Iа́сан кIентан СаIидан хилла ву иза, цул тIаьхьа цуьнан берашка кхаьчна иза, тIаккха цара цхьаболчара мукъаваьккхина хилла иза, вукхара мукъа ца воккхуш сацийна хилла. ТIаккха Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) волчу веана Ро́фиI, шена цуьнгара гIо лохуш. ТIаккха цунна велла хилла иза, (тIаккха цо паргIатваьккхина иза). «Со АллахIан Элчанан азатхо ву» - олуш хилла цо цул тIаьхьа дуьйна.

Iаьржа бос болуш хилла волу МидIам. Рифа́Iа ибн Зайд ал-Джуза́мийс велла хилла иза цунна (тIаккха цо маьршаваьккхина иза). Хьисма́ олучу меттехь вина а, кхиъна а хилла иза. Ва́дил-къуро́ олучу меттехь вийна иза.

Киркира. Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) некъаца йоьзна йолу хIуманаш лелош хилла иза.

Зайд. Йаса́ран кIентан ХIила́лан де́да́ ву иза.

Iубайд.

ТIахIма́н, йа Кайса́н, йа МихIро́н, йа Заква́н, йа Марва́н.[60]

Коптех (Мисаран бахархойх) волу Маъбу́р. (Мисран паччахьо) Мукъавкъиса велла хилла иза, (тIаккха Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) маьршаваьккхина хилла иза).

---

[60] Кхузахь вуьйцург цхьа стаг ву, тайп-тайпана цIерашца вевзаш хилла волу. Иштта и цIерш (йа церах цхьаъ) йо́хуш хилла цуьнан.

## Говраш, кхидолу дийнаташ

Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) доьххьара хилла дин «ас-Сакб» цӀе йолуш хилла. Фаза́ра тайпанара гӀамар-аренца Ӏаш волчу цхьана стагера эцна хилла цо иза, 400 дирхӀамах. Оцу Ӏаьрбочуьнгахь болуш «ад-Дарис»[61] хилла цуьнан цӀе, тӀаккха Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) «ас-Сакб»[62] аьлла цӀе тиллина цунна. Юьхь тӀехь а, когашкахь кӀай а болуш хилла иза, цхьа аьтту ког боцург. Цо гӀазот дина болу доьххьара дин бу иза.[63]

«Сабхьа»[64] олуш дин хилла цуьнан. Шена тӀехь иза къовсавелла болу дин бу иза; тоьлла хилла иза цу тӀехь, цундела хазахетта хилла цунна иза.

«Ал-Муртаджаз»[65] цӀе йолуш дин хилла цуьнан. Бану́ Мурра тайпанара а волуш, гӀамар-аренца Ӏаш волчу стагера эцна хилла цо иза. Са́битан кӀанта Хузаймас тешалла дина болу дин бу иза.[66]

СахӀл ибн СаӀд ас-Са́Ӏидийс аьлла: «Соьгахь АллахӀан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кхо говр йара: «Лиза́з», «аз-Зариб», «ал-Лухьайф» (йа ал-Лахьи́ф)». Амма «Лиза́з» – (Мисран паччахьо) Мукъавкъиса елла хилла цунна.

---

[61] Хала дин, вон амал йолуш болу дин бохург ду цуьнан маьӀна.

[62] Дуккха йа чехка бодуш болу дин бохург ду цуьнан маьӀна.

[63] Ухьудехь хиллачу гӀазотехь хилла бохуш дуьйцу иза Ӏеламнаха.

[64] Дика дин, бодучу хенахь хьалхара ши ког дикка хьалха боккхуш болу дин боху маьӀна ду цуьнан.

[65] Цуьнан терсар хаза хилла дела тиллина хилла цунна и цӀе, цхьа байташ олуш санна нислуш хилла цуьнан иза. ТӀаккха, сира дин хилла бохуш а дуьйцу иза Ӏеламнаха.

[66] Бану́ Мурра тайпанара а волуш, гӀамар-аренца Ӏаш волчу цхьана стагера и говр эцна хилла Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Иза йохкар-эцар тӀехь цаьршинан барт хиллачул тӀаьхьа, цуьнан мах схьаэца шена тӀаьххье схьавола а аьлла, дӀаволавелла Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Иза сихвелла дӀавоьдуш волуш, важа жимма тӀаьхаьвиссина хилла. ТӀаккха, цигахь хиллачу цхьаболчу наха, цо и дин Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) боьхкина буй ца хууш, шаьш цунах кхин а дукха мах лур бара хьуна бохуш къамел дина. Цунах Ӏехавелла волчу оцу стага Пайхамарна тӀе а кхаьчна, «нагахь санна и дин айхьа эцна белахь – схьаэца иза, бацахь ас дӀабухкуш бу иза» аьлла. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ша́ иза хӀинцца хьоьгара эцна бу иза аьлча, хьайн теш схьагайта аьлла цо. Уллехь хиллачу Хузаймас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла тӀаккха: «Ас тешалла до ахь иза цуьнгара эцна хиларна». ТӀаккха, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хаьттина хилла цуьнга: «Стенна тӀехь дира ахь тешалла?». Цо жоп делла хилла: «Ахь аьлларг бакъдар тӀехь дира ас иза». Цуьнан тешалла шина стеган тешалла санна лерина тӀаккха Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Цу хенахь дуьйна, «шина тешаллин да́» олуш хилла цунах. И дийцар доцца дийцина Абу́ Да́ву́да а, Наса́ийс а, Ахьмада а нийса хьадисехь.

«Ал-Лухьайф» (ал-Лахьи́ф) – Абул-Баро́ан кIанта Раби́Iас елла хилла цунна, тIаккха цо цунна доьхьал Бану Кила́б тайпанера тIамехь яьккхинчу хIонс юкъара даьхни делла цунна. «Аз-Зариб» – Iамран кIанта Фарва ал-Джуза́мийс елла хилла цунна».[67]

«Ал-Вард» цIе йолуш говр хилла цуьнан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Тами́м ад-Да́рийс елла хилла цунна иза. ТIаккха Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Iумарна елла хилла иза. Iумара Делан некъахь гIазотехь лело дIаелла хилла иза. Цхьа хан яьлча, юхкуш карийна хилла цунна иза.[68]

---

[67] Фарва ал-Джуза́мий – Ше́махь МуIа́н олучу меттера хилла. Цигарчу Iаьрбойшна юкъахь шайн гIуллакхаш лелон ри́махоша (ру́маша) куьйгалхо хIоттийна хилла иза. Бусалба дин тIелаьцна хилла цо, тIаккха Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) волчу шен геланча ваийтина цо, шегара цунна совгIаташ даийтина цо, цу юкъахь и говра хилла. Ри́махошна (ру́машна) иза бусалба дине верзар хиъча, цара шайн бIо болчу кхайкхина хилла иза, тIаккха бусалба динах юхава́ла аьлла хилла цуьнга. Цо шаьш бохург ца дича, вийна цара иза. Дала декъал войла иза, Дала къинхетам бойла цунах.

[68] Цхьадолчу хьадисашкахь Iумарна и говр юхкуш карийна хиллера аьлла ду, ткъа вукханхьа цунна иза шена эца лиънера аьлла ду, ша́ и елла хиллачо иза дика лелош ца хилла дела, цо шена иза йорах йохка мега аьлла цунна хетта дела. Бухарийс а, Муслима а дийцина, Iумара аьлларг: «Делан некъахь гIазотехь лелайайта сайн цхьа говр еллера ас цхьана стагана. Ткъа цо иза лелон ма-езза лелийна ца хиллера, цундела суна иза цуьнгара эца лиира, цо иза йорах юхкур аьлла а хийтира суна (дика ца лелийна дела азйелла-гIелйелла хиллера иза). Пайхамаре (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хаьттира ас иза эцарх лаьцна, тIаккха цо соьга элира: «Ма эца иза. Айхьа делла сагIа юха ма дерзаде, цо иза хьайна цхьана детих йохкахь а. Бакъдолуш, ша́ делла сагIа юхадерзориг тера ву ша́ Iеттийнарг юха дIаюуш долчу жIаьлах».

И говр доьххьара Iумара оцу стагана елла хилча, тIаккха цо иза юха цуьнгара оьцуш хилча, цу стага цуьнан хила безачу мехал йорах юхкур йара цунна иза, шена иза елла волчу цуьнца гIилкх лоцуш. Ткъа иза ша́ делла сагIа юхадерзор санна хIума ду. Цундела аьлла Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Iумаре (Дела реза хуьлда цунна), ма эца иза цуьнгара.

ТIаккха, ша́ сагIийна елла хIума юхаерзор цхьаболчу Iеламнаха хьарам ду аьлла, делахь а дукхах болчара иза хьарам доцуш, амма ца дар гIолий долу хIума ду аьлла, ца деш Iаддитича ме́л хуьлуш долу хIума ду аьлла. Кхузахь башхула яц тIаккха и хIума юхаерзор ша́ еллачуьнгара иза мехах эцарца хилар, йа цо хIокхунна иза юха йалар, йа цхьана кхечу кепара юха шен долаяккхар. Цу юкъара долург – и стаг велча, цунна и хIума елларг цуьнгара ирс оьцуш болчу гергарчерах хилахь, тIаккха и хIума хIокхунна кхочуш хилахь, иза схьаэца мегаш ду, иза дика ца лору хIума хир дац оцу хьолехь. Кхин а, иза дика ца хилар нагахь санна оцу елла волчу стагера юхаерзош елахь ду, амма нагахь санна и хIума цуьнгара цхьана кхечу адаме – кхоалгIа агIоне – дехьаяьлла хиллехь – иза оцу кхоалгIа стагера эцар йа кхечу цхьана кепара долаяккхар хIокху хьадис юкъадогIуш хир дац, дика лоруш доцу хIума хир дац иза. (Имам Нававий, «Шархь сахьихь муслим», 11/62).

Цуьнан бӀарзан цӀе «ад-Дулдул» хилла,[69] ша́ цхьанхьа́ дӀасавоьдуш цу тӀе хууш хилла иза. Иза веллачул тӀаьхьа а яьхна хилла иза йоккха хиллалц, цергаш охьаэггалц. Аьхьна мукх баош хилла цунна. ЙанбуӀ олучу меттехь елла иза.[70]

«Ӏуфайр» цӀе йолуш вир хилла цуьнан, Ӏодика йаран хьадж дечу хенахь делла иза.

У́зуш лелош Мединатал арахьа́ ткъа эмкал хилла цуьнан, хӀора буьйсанна йоккха шина пӀаьлдиг чохь шура йохьуш хилла цунна церах. Царна юкъахь хилла шортта шура луш йолу эмкалш: ал-Хьанна́ъ, ас-Самра́ъ, ал-Ӏурайййас, ас-СаӀдиййа, ал-БагӀу́м, ал-Йусайра, ар-Райййа́. «Бурда» цӀе йолуш узуш эмкал хилла цуьнан, шортта шура луш йолчу шина эмкалера санна шура йо́луш хилла цуьнгара; Суфйа́нан кӀанта Даххьа́ка елла хилла иза цунна. «МухӀра» цӀе йолу эмкал а хилла цуьнан, Ӏуба́датан кӀанта СаӀда яийтина хилла иза цунна, Бану́ Ӏакъи́л тайпанах болчу нехан даьхни юкъара. «Аш-Шакъра́ъ» цӀе йолу эмкал а хилла цуьнан.

«Ал-Ӏадба́ъ» цӀе йолу эмкал а хилла Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), Абу-Бакара эцца хилла иза а, цуьнца кхин цхьаъ а, Банул-Хьари́ш тайпан болчу нахера, бархӀ бӀе детих, тӀаккха Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) и «ал-Ӏадба́ъ» олург эцца цуьнгара диъ бӀе детих. Цо шена тӀехь хӀижрат динарг ю иза (Маккара Мединате иза кхелхачу хенахь цу тӀехь хилла иза). Цу тӀехь иза Мединате вогӀучу хенахь ялх шо кхаьчна, ворхӀолгӀа шо доладелла хилла цуьнан. «Ал-Къасва́ъ», «ал-ЖадӀа́ъ» олург ю иза (и кхо цӀе хилла цуьнан). Цкъа, хаьхкина къовсайалийтича, хьалхаяьлла ца хилла иза, ткъа и хӀума бусалба нахана хала хетта хилла.[71]

Шайн тӀаргӀа а, шура а, Ӏахарий а сагӀийна дӀалуш ворхӀ уьстагӀ хилла цуьнан, иштта хӀара цӀерш йолуш: Ӏажра, Замзам, Сукъйа́, Барака, Варса, АтӀла́л, АтӀра́ф. Уьш доцург кхин а цхьа бӀе уьстагӀ а хилла цуьнан.[72]

---

[69] Ӏаьрбийн маттахь цуьнан маьӀна зу бохург ду.

[70] Мединатана гена йоццуш цхьа гӀала ю иза тахана, ЦӀечу хӀурдан йистехь.

[71] Пайхамаран (Делера къинхетам, маршалла а хуьлда цунна) и эмкал къовсайалийтича даим хьалхайолуш хилла. ТӀаккха, цкъа къовсайалийтича хьалха ца яьлла иза, иза халчу даьлла хилла асхьабашна, халахетта хилла царна иза. ТӀаккха Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла: «Бакъдолуш, Дала дуьненахь хуьлуьйтуш долчу хӀуманех ду, Ша́ хӀокху дуьненара цхьа хӀума айдина лакхадаккхахь – иза охьадожор». Бухарийс дийцина иза. Дуьненан хӀума иштта ду, цундела дуьненаца доьзна долчу хӀуманца кураллаш йар, дозаллаш дар дика дац, иза мел лекха хьаладахарх цхьана дийнахь ду́жур долуш хӀума ду иза, дӀаде́ра долуш хӀума ду.

[72] Шена лиънехьара адамашна юкъахь уггар хьал долуш хила йиш йолуш вара вайн Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), делахь а, цо хаьржина хилларг дуьненан паччахьалла ца хилла, эхартан дарж хилла. Ткъа хӀинца вай дийцина долу и даьхни а цо дерриге сагӀийна дӀаделла хилла, бусалба нехан хьашташна хьажийна хилла. Бухарийс а, Муслима а дийцина, Ӏа́ишата – Пайхамаран хӀусамнанас – элира аьлла: «Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) лечу хенахь, тӀамехь тӀедухуш хилла долу цуьнан гӀагӀ цхьана жуьгтийчуьнгахь закъалтана делла дара, шен доьзална юучунна цо цуьнгара баьккхинчу мекхана доьхьал».

## Герзаш

Кхоъ гоьмукъ хилла цуьнан, Бану́ Къайнукъа́I тайпана жуьгтийн герзах кхаьчна хилла цунна уьш. Кхоъ Iад а хилла цуьнан, «ар-Равхьа́ъ» цIе йолу Iад а, («ал-Байдо́ъ» цIе йолу) «шавхьатI» диттах[73] дина Iад а, «ас-Сафра́ъ» цIе йолу Iад а.

Турс а хилла цуьнан, тIехь биллина кан корта а болуш. Цу тIера и ца безийна хилла цунна, тIаккха иза Iуьйренга ваьлча нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIа дIабайъина хилла иза цу тIера.

«Зул-фикъо́р» цIе йолу тур а хилла цуьнан. Бадрера тIамехь яьккхинчу хIонс юкъара кхаьчна хилла цуьнга иза. Ухьудехь тIом хуьлучу дийнахь цунна гIенах гина тур ду иза. Цуьнга кхачале хьалха, МунаббихI ибн Хьаджа́ж ас-СахIмийн хилла иза.[74]

Бану́ Къайнукъа́I тайпана жуьгташкара даьккхинчу герзах кхо тур кхаьчна хилла цунна: «КъулаIий» олуш дерг а, «Батта́р» олуш дерг а, «ал-Хьани́ф» олург а. Цул тIаьхьа кхин а «ал-Михдам»[75] а, «Расу́б» а цIе йолу ши тур а хилла цуьнан, ТIайъ тайпанара наха шена Iибадат деш хилла Фулс цIе йолу жаIар (цIу) йохийча, цуьнца цхьаьна карийна хилла и шиъ.

Ма́ликан кIанта Анаса аьлла: «АллахIан Элчанан (Делера къинхетам, маршалла а хуьлда цунна) туьран мукъан бух дети бара, беттан бух а дети бара, цаьршинна юкъахь дети хIоьзнаш дара».

Бану́ Къайнукъа́I тайпанан герзах ши гIагI кхаьчна хилла цунна, цхьаъ «ас-СугIдиййа»[76] цIе йолуш, важа «Фидда» цIе йолуш.

Мухьаммад ибн Саламас элира аьлла дийцина ду: «Делан Элчанна тIехь (Делера къинхетам, маршалла а хуьлда цунна) ши гIагI гира суна (Ухьудехь тIом болчу дийнахь): цуьнан «За́тул-фуду́л» цIе йолу гIагI а, цуьнан «Фидда» цIе йолу гIагI а. Хайбарехь тIом болчу дийнахь а ши гIагI гира суна цунна тIехь: «За́тул-фуду́л» цIе ерг а, «ас-СаIдиййа» цIе ерг а».[77]

---

[73] «ШавхьатI» Iаьрбийн маттахь цу диттан цIе ю. Оьрсийн маттахь «тис» олург ду иза. Хьалхалера заманахь Iодмаш дика хуьлуш хилла бохуш дуьйцу цунах.

[74] Цу туьрах лаьцна жимма алсам довза луург хьажа: «Элчанан тур "Зул-Фикъор» http://dinulislam.org/zul-fiqor.htm

[75] «Ал-Михзам» аьлла а ю цуьнан цIе цхьадолчу жайнашкахь.

[76] «Ас-СаIдиййа» хилла цуьнан цIе аьлла а ду.

[77] Дерриге ворхI гIагI хилла цуьнан бохуш дуьйцу Iеламнаха.

## Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) куц, а́мат

Ма́ликан кlантера Анасера (Дела реза хуьлда цунна) дийцина ду, Абу-Бакар Сидди́къа (Дела реза хуьлда цунна) шена Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гича олура аьлла, байтийн куьцехь:

«Тешамениг, хаьржина верг, дикане кхойкхург,
Бутт юккъе бахча беттасан серло санна верг».

Абу ХIурайрас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Iумара (Дела реза хуьлда цунна) хIара байташ олура, ЗухIайр ибн Аби Салма́с ХIирм ибн Сина́нах лаьцна аьлла йолу:

«Хьо адам доцуш, цхьа кхечу хIуманах велахьара,
Бутт юккъе бахча серло лург хир вара хьо».

ТIаккха Iумара а, цуьнца хевшина Iачара а олуш хилла: «Иштта вара АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), и воцург кхин цхьа а вацара оцу кепара».[78]

Абу́ ТIа́либан кIанта Iе́лас аьлла (Дела реза хуьлда цунна): «АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кIайчу басахь вара, бетталуш цIен бос болуш; чIогIа Iаьржа ши бIаьрг болуш; месаш шера йолуш (чIогIа хьийзина йоцуш);[79] юькъа маж йолуш; лергадуьмеш тIе кхаччалц охьайовлуш месаш йолуш;[80] гай тIера

---

[78] Уггар хаза, уггар серла, нуьре юьхь йолуш хилла вайн Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Iеламнаха ма-аллара, иза вийцинчара массара а тарвеш хилла иза юккъебахча буьзна хуьлуш болчу баттах.

[79] Iаьрбойн месаш дуккхах долчу де́къана чIогIа хьийзина хуьлуш хилла, цундела аьлла кхузахь Iелас (Дела реза хуьлда цунна) Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) месаш шера йара аьлла. Цу хенахьлерачу Iаьрбойн месашца юьстича бохург ду иза. Вуьшта, Iелас кхечу хьадисехь дийцина ду, Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) месаш чIогIа хьийзина а яцара, йа чIогIа охьахецаелла шера а яцара аьлла, юккъерачу барамехь йара, жимма хьийзина йолуш, дукха шера а йоцуш, дукха хьийзина а йоцуш. Ткъа уггар дика хIума – юккъера барамехь дерг ду. Дуккха кхидолу хIуманаш а иштта хилла Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна).

ТIаккха, оцу дешнийн вай иштта и маьIна динчул тIаьхьа, кхузахь билгалдан деза, цхьаболчу Iеламнаха къаьсттина и Iелас цуьнан месаш шера йара аьлла дийцина долчуьнан иснáд гIийла ду аьлла хилар, ткъа цуьнан месаш дукха хьийзина а йоцуш, дукха шера а йоцуш, юккъера барамехь йара аьлла дерг Бухарийс а, Муслима а дийцина хилар.

[80] Лергадума – тIилдиг а олу а цунах, лерган дуьхьиг олий а догIу иза. Ткъа цу кепара месаш даим ца хилла цуьнан. Цхьайолчу хенахь кхин а охьайовлуьйтуш хилла цо уьш, белшаш тIе кхаччалц, цхьайолчу хенахь йоца лелош хилла, лергаш тIе кхаччалц.

накхана тӀекхаччалц болу месийн могӀа буткъа (нийса) болуш; шен ворта чӀогӀа къегина дети тур санна (цӀена, нуьре) йолуш;[81] лакха накхана юккъера дуьйна цӀонгана тӀекхаччалц охьайогӀуш (юткъа, нийса) гӀаж (йа са́ра) санна месаш йолуш, уьш йоцург кхин шен гай тӀехь йа накхана тӀехь месаш йоцуш; шина куьйган а, шина коган а пӀелгаш стаммий (дуьззина, чӀогӀа) долуш. Ша́ волавелча, цхьана лекха гу тӀера чувуссуш санна, йа цхьана тӀулга тӀехь волалуш санна болар онда долуш вара иза (когаш текхор доцуш, дӀасалестар доцуш, когаш тиссадалар доцуш). ДӀавоьрзучу хенахь шен дерриге дегӀаца воьрзура иза. Цуьнан хьацар жовхӀар санна (цӀена а, сирла а) дара. Цуьнан хьацаран хьожа хаза хьожа йогӀучу миск-ӀатӀарал дика а, хаза а йара. (Дукха) лекха а вацара иза, лоха а вацара иза. Вон мотт болуш вацара иза, сийдоцу (сийсаз) хӀума шеца долуш вацара иза. И саннарг цхьа а гина вац суна цул хьалха а, цул тӀахьа а».

Иштта хӀокху дешнашца дийцина а ду иза Ӏелигара (Дела реза хуьлда цунна): «Цуьнан шина белшаш юкъахь пайхамараллин мохӀур дара (билгало йара),[82] ткъа иза ша́ пайхамаршна юкъахь тӀаьххьарниг ву, шел тӀаьхьа кхин цхьа а пайхамар воцуш. Нахана юкъахь уггаре комаьрша куьг дерг вара иза, нахаца лелочу юкъаметтигехь уггар комаьрша дог долуш вара иза,[83] нахана юкъахь уггаре бакъболу мотт болуш (уггар цӀена, бакъдолу къамел долуш) вара иза, уггаре кӀеда амал йолуш вара иза, нахаца йолчу юкъаметтигца уггар сийлахь, уггар дика верг вара иза.[84] Доьххьара ша́ гинарг шен лерамана шех озалур волуш, ткъа ша́ вовззалц шеца хан яьккхича везалур волуш вара иза. Цунна куц лучо, иза вуьйцучо олура: и саннарг гина вац суна, цул хьалха а, цул тӀаьхьа а. Делера къинхетам а, маршалла а, массо диканаш а, лаккхара даржаш а хуьлда-кх цунна».

Ӏа́зибан кӀанта ал-Бара́а аьлла: «АллахӀан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дукха лекха а воцуш, йа лоха а воцуш, юккъера барамехь вара.[85] Шина белшийн юкъ шуьйра йолуш вара.[86] Лергадуьмеш тӀе кхаччалц охьайовлуш месаш

[81] Духарал арахь гуш йолу цуьнан ворта дешица иэдина дети къегина тур санна сирла йара аьлла деана ду цуьнан куц кхечу хьадисашкахь.

[82] Мелла а аьрру агӀор таьӀна а йолуш, букъ тӀехь шина белшаш юкъахь цхьа аратаьӀна дилха тайпа хӀума хилла иза, тӀехь евлла жимма месаш йолуш, кхокханан хӀоанан барамехь. Хьалха хилла долчу умматийн жайнашкахь йийцина хилла ю цуьнан и билгало, иштта хир ву вогӀур волу пайхамар бохуш.

[83] Наха ша мел хьийзорах, цара ша мел кӀадвархь, уьш шеца мел гӀалат бийлархь, къехка ца къехкара иза церах, дог диллина дара цуьнан царна, дӀа ца воьрзура иза церах, дов ца дора цо царна, оьгӀаз ца воьдура иза царна.

[84] Цуьнца Ӏар, цуьнца цхьаьна лелар, дӀасавахар, хан яккхар цхьанне агӀор хала доцуш, ЦӀахь, некъахь, гӀулкхехь, массо меттехь шен лелар паргӀат долуш, атта долуш, кӀеда долуш, дика долуш вара иза.

[85] Лекха хиларга герга а волуш, кхечу хьадисашкахь ма-аллара.

[86] Лакхара букъ а, накха а болу меттиг шуьйра йолуш вара бохург ду иза.

йара цуьнан. Дуьйхина цхьа цӀен духар долуш гира суна иза цкъа. Цул хаза цхьа а хӀума гина дац суна, Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна».

Хуза́Ӏа тайпанах хилла йолчу Умм МаӀбада аьлла, Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) куц дуьйцуш: «Къаьсташ хазалла йолуш, кӀайн, серла юьхь йолуш стаг гира суна.. Шен кхоллар (дегӀан куц-кеп) хаза долуш. Олладелла доккха гай хиларан сакхт доцуш, корта жима хиларан сакхт доцуш. Шен хазалла гуш-евзаш йолуш, шен юьхь хаза (кхоьллина) йолуш. БӀаьргаш чӀогӀа Ӏаьржа дара цуьнан, бӀаьрган негӀарийн чоьш деха а, хьийзина а дара цуьнан. Аз (гӀеххьа) стоммалла йолуш дара цуьнан, мелла а йиш хаьлча санна а дара иза.[87] Ворта (мелла а) еха йара цуьнан, сирла (къегина) а йара иза. Маж юькъа йара цуьнан. Ши цӀоцкъам деха, гӀеххьа хьевзина а долуш, даьржина а доцуш, хоттаделла а долуш дара цуьнан.[88] Къамел деш воцучу хенахь сийлахьалла хуьлуьра цунна тӀехь, ткъа иза вистхилча (шена гонаха болчарна юкъахь) хьалаайлора иза, исбаьхьалла хуьлуьра цунна тӀехь. Генара (гича) нахана юкъахь уггаре тайна, уггаре исбаьхьа вара иза; ткъа юххехь хилча уггаре хаза, уггаре диканиг вара иза. Къамел мерза долуш вара иза; къаьсташ долуш а вара иза: ца кхеттал кӀезга а дацара иза, кӀордоллал дукха а дацара иза; цхьаъ вукхул тӀаьхьа догӀуш охьадогӀуш долу тай тӀетиссина туьтеш санна дара цуьнан къамел. Юккъера барамехь вара иза, дукха лекха хиларна къаьсташ а вацара иза, йа лоха хиларна шена тӀера бӀаьрг бодур болуш а вацара иза (мелхо, бӀаьрго къобалвеш, гича лераме хир волуш вара иза).

Шина гана юкъахь (юккъерачу барамехь) га дара иза.[89] Цу кхааннах уггаре исбаьхьа куц-кеп дерг вара иза, сийлахьаллехь уггар алсам верг а вара иза.

---

[87] Дуткъа цхьабосса дацара иза бохург ду цуьнан маьӀна, баккъалла йиш хаьлча санна а доцуш, мелла а иштта хеталур долуш дара иза.

[88] Жимма тӀаьхьа догӀур долчу хьадисехь, ХӀинда (Дела реза хуьлда цунна) аьлла долу дешнаш ду, цуьнан цӀоцкъамаш хӀоттаделла дацара аьлла. ХӀокху хьадисехь иштта аьлла ду, вукху хьадисехь вуьшта аьлла ду. Цундела, цхьаболчу Ӏеламнаха цуьнан маьӀна иштта ду аьлла: жимма генара гича хоттаделла ду аьлла а хеташ, амма уллера хьаьжча хоттаделла доций хуур долуш хилла Элчанан цӀоцкъамаш (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна).

Ӏаьрбошна цу хенахь хӀоттаделла цӀоцкъамаш дика хеташ ца хилла, Ӏаьрбой боцучарна мелхо дика хеташ хилла, ткъа Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) и ший дикалла хилча санна хуьлуш хилла, уллера гича хӀоттаделла доций гуш долуш, ткъа вуьшта хӀоттаделла ду аьлла хеталур долуш.

ХӀетте а, цхьаболчу Ӏеламнаха и ХӀинда дийцина хьадисехь дерг хьалхадаьккхина хӀокху хьадисехь долчул, иза хӀоккхул нийса лерина цара цхьаболчара.

[89] Делан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Абу-Бакарца а, цуьнан азатхочуьнца а Мединате хӀижрат деш воьдучу хенахь гина хилла Умм МаӀбадана. Цундела, цуьнца хилла волчу цуьнан шина накъостаца – Абу-Бакарца а, цуьнан азатхочуьнца а – вуьстина аьлла и дешнаш Умм МаӀбада, и шиъ ши га хилча, цаьршинна юккъера га дара иза, дехьа-сехьа теӀар доцуш, юккъера барамехь вара иза аьлла.

Накъостий бара цуьнан, цунна гонаха хьийзаш; и вистхилча – цо олучуьнга ладугIура цара, цо цхьаъ де аьлча и кхочушдаре сихо йора цара. Цара ша́ вазвеш, цара шен гIуллакх деш (цунна оьшучуьнга уьш хьовсуш), уьш (даим) шена гуо бина (шен гIулкхана дIахIиттина Iаш) хуьлуш верг вара иза. Юьхь хе́бош вацара иза, йа дукха бехкаш дохуш вацара иза».

Анса́рех хилла волчу Ма́ликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) куц дуьйцуш аьлла: «Юккъера барамехь вара иза, дукха къаьсташ волчу кепара лекха а воцуш, йа чIогIа лоха а воцуш.[90] Бос сирла, кIай болуш вара иза, шарула кIай воцуш (масала кир санна воцуш), Iаьржа а воцуш.[91] Месаш дукха чIогIа хьийзина а яцара цуьнан, дукха шера а яцара, гIеххьа хьийзина йара (тулгIенаш санна)».[92]

Абу ХIа́латан кIанта ХIинда аьлла: «АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) веза-воккха а, кхечара ша́ вазвеш а хилла стаг вара. Бутт юккъе бахча лепаш болу стиглара бутт санна лепаш йара цуьнан юьхь. Юккъера волчул (жимма) лекха а волуш, вуткъа-веха волчул лоха а волуш,[93] корта боккха а болуш,[94] гIеххьа хьийзина месаш а йолуш вара иза. Шен месаш екъалучу хьолехь еха хилча, аьтту агIор а, аьрру агIор а шина де́къе́ йоькъура цо, ткъа вуьшта цо уьш оьхьахецча цуьнан шинан лергадуьмел сов ца йовлура цуьнан месаш.

Сирла, кIай бос болуш; шуьйра хьаж долуш; ши цIоцкъам деха, гIеххьа хьевзина а долуш, бIаьргийн тIехуле́ дIалоцуш (деха) долуш, хоттаделла а доцуш, шаьшшина юкъахь пха а болуш, оьгIаз вахча тIеболуш болу. Мара лакхахь айбелла а болуш, юккъера (жимма) горгбелла а болуш, йистош нийса а йолуш, (бо́ца боцуш, жимма)

---

[90] Вай жимма хьалха ма-аллара, лоха ца хилла Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), мелхо а лекха хиларна герга хилла иза, делахь а цхьа къаьсташ лекха ца хилла, веха ву ала йиш йолуш ца хилла.

[91] Хьалха вай ма-аллара, бетталуш цIен бос болуш, кIайчу басахь хилла иза. И ду «шарула кIай воцуш» бохучуьнан маьIна.

[92] Бос сирла, юккъерачу барамехь кIай хиларе терра, месаш а юккъера барамехь йара цуьнан, дукха чIогIа хьийзина а йоцуш, амма йанне хьийзина яц олийла а доцуш, гIеххьа хьийзина йолуш. Шен кхоллар кхачамаллийца долуш, массо хIума юккъера барамехь долуш хилла иза, Делера къинхетам, маршалла хуьлда цунна.

[93] Дикка хьаьжча юккъера барамехь волчу стагал жимма лекха вара иза, ткъа иштта доьххьала дIа гича юккъера барамехь хеталора иза бохург ду цуьнан маьIна. Хьалха вай мосуьйттозза ма-аллара, лоха а ца хилла иза, амма вуткъа-веха ву олийла долуш къаьсташ лекха а ца хилла, лакхалле таьIна а волуш юккъера барамехь хилла иза, АллахIера къинхетам а, массо диканаш а, маршаллаш а хуьлда цунна.

[94] Шен дегIан хIоттаме а, дегI жима доцуш, доккха хиларе а хьаьжча, дегIан хIоттамца дуьстича корта цуьнца богIуш болчу кепара боккха хилар – кхачамаллин куц ду, хьекъал шортта хиларан билгало а ю. ДегI доккха а долуш, цуьнца дуьстича жима корта а болуш ца хилла иза, Делера салам-маршалла хуьлда цунна.

бе́хо́ а болуш, тӀехь нур долуш, дикка ца хьаьжначунна цуьнан меран даьӀахк хьалааййелла ю, йоккха ю аьлла хетар долуш.

Маж юькъа йолуш; ши бӀаьрг чӀогӀа Ӏаьржа болуш; ши бесне нийса йолуш (аратаьӀна ерстина йоцуш); бат шуьйра йолуш; цергаш кӀай а, йистошкахь ира а йолуш, хӀора шина церга юкъахь хийро йолуш.

Лакха накхана тӀера лаха гай тӀе охьабоьду месийн могӀа нийса болуш; шен ворта суьрта тӀехь йиллича санна (хаза), дети́н бос санна (сирла, цӀена) йолуш.

Шен кхоллар юккъера барамехь долуш; дегӀ доккха долуш; дилха (олладелла доцуш) онда долуш; гай (олладелла доцуш) накха санна долуш; накха шуьйра болуш, белшаш юкъара юкъ йоккха йолуш;[95] хуттургашкара даьӀахкаш яккхий (онда) йолуш.[96]

Духаро хьулйеш йолу меже гучуяьлча, иза нуьре йолуш;[97] на́кхана лакхара дуьйна цӀонгана тӀекхаччалц хоттаелла охьайогӀуш тай санна (нийса могӀа санна) месаш йолуш, уьш йоцург накхана тӀехь дехьа а, сехьа а, гай тӀехь а кхин месаш йоцуш, шина пхьаьрса тӀехь а, шина белшаш тӀехь а мелла а месаш йолуш.[98]

Ши пхьарс дол долчу меттехь беха болуш, куьг шуьйра долуш; куьйгийн, когийн пӀелгаш онда, дилханах дуьзна долуш, (юккъера барамехь) деха долуш; пхьаьрсийн, настарийн даьӀахкаш нийса йолуш;[99] когийн кӀело юккъехь хьалатаьӀна йолуш;[100] когаш тӀехулара (чӀор) шера долуш, тӀедоьттича тӀехь хи соцур доцуш.

---

[95] Белшашкахь шуьйра волуш боху маьӀна ду цуьнан.

[96] Голаш вовшах хотталучу меттера даьӀахкийн чаккхенаш яккхий йолуш бохург ду иза, ткъа уьш яккхий хилар – меженаш онда хилар бохург ду.

[97] Масала, ламаз оьцучу хенахь пхьарс гучубаьлча, йа ност гучуяьлча, иштта йолу меже духаро хьулйина йоцучу меженал алсам нуьре йолуш.

[98] ХӀокху хьадисехь цхьадолчу жайнашкахь «накханан лакхарчу да́къошкахь а» месаш йолуш аьлла деана ду. Белшаш тӀера мелла а охьайогӀуш ерш хила йо́гӀу уьш, накха дӀалаьцна а йоцуш.

[99] Хьаласеттина, йа юкъ-юкъахь тӀеевлла меттигаш йоцуш.

[100] Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) когийн бухара юкъ дукхах долчу адамийн санна хьалатаьӀна хилла, берриге ког лаьттах Ӏотталуш ца хилла аьлла деана ду хӀокху хьадисехь. Ткъа цхьадолчу кхечу хьадисашкахь цунна бӀостанехьа дерг ду дийцина. Масала, Абу ХӀурайрас (Дела реза хуьлда цунна) дийцинчу хьадисехь ду, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ког охьабиллича, иза берриге лаьттах тӀебуьжура, аййелла меттиг яцара цуьнан аьлла. Ткъа цу хьадисийн хьокъехь дерг Ӏеламнаха кхаа кепара дийцина. Цхьаболчара Абу ХӀурайрас дийцина долу хьадис хӀокху ХӀинда дийцинчу хьадисал чӀогӀа ду исна́дан агӀор аьлла, цундела цара иза толийна, цигара схьа цара Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ког тӀапа хилла аьлла, берриге лаьтта тӀебуьжуш хилла аьлла. Цхьаболчара хӀара ши хьадис цхьанатоха йиш ю аьлла. ХӀинда дийцинчу хьадисехь дерг Элча (Делера

Ша́ дIаволавелча шен ког (текха ца беш) хьалаайбора цо, (ког охьабуьллуш цу тIевазлучу хенахь мелла а) дехьа-сехьа а таьIаш, меллаша, тийна болар дора цо,[101] ког баккхар сиха а, шуьйра (гена) а долуш. Цхьана лекха меттера охьавогIуш санна (дикка ког буьллуш, онда) болар дара цуьнан. Ша дIавоьрзучу хенахь шен дерриге дегIаца дIавоьрзура иза.[102]

БIаьрса тийна-таьIна хуьлура цуьнан (бIаьргаш дукха дIасахьежор доцуш, дIасакъерзар доцуш); (ша вистхуьлуш воцучу хенахь) лаьтта хьежар стигала хьежарал алсам хуьлура цуьнан;[103] ткъа дукхах долу цуьнан хьажар бIаьрг цхьана хIуманна тIебоьгIна хьажар доцуш, тIеххула дIа хьажар дара.[104]

Шен асхьабаш шел хьалхабохий хуьлура цуьнан, буьйлабелла уьш боьлхуш хилча. Шена доьхьал кхеттачуьнга доьххьара салам а лора цо».

---

къинхетам, маршалла а хуьлда цунна) мелла а къона волчу хенахь дерг ду, цунна тIе алсам дилха диллале дерг ду, цундела иза цу хенахь дукха веза ца хилла, цундела цуьнан ког берриге лаьтта тIе буьжуш ца хилла. Ткъа Абу ХIурайрас дийцинарг тIаьхьарчу хенахь хилларг ду, хIунда аьлча Абу ХIурайрас Бусалба дин тIелацар мелла а тIаьхьа нисделла хилла, цундела цо шена гинарг дийцина: Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) воккха мел хуьлу цунна тIе мелла а алсам дилха диллина, цундела иза доьххьарчул веза хилла, цундела цуьнан ког берриге лаьтта тIе охьабуьжуш хилла, амма тIапа иза ца хилла аьлла, иштта цхьанатоьхна цхьаболчу Iеламнаха и ши хьадис. Вукхара кхечу кепара цхьанатоьхна, цара аьлла: Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) когаюкъ хьалатаьIна яцара бохучу хьадисехь лууш дерг – дукха чIогIа хьалатаьIна яцара иза бохург ду, хIунда аьлча дукха чIогIа хьалатаьIна когаюкъ хилар дика хIума дац, йа цхьанне кепара хьалаайййелла йоцуш иза ерриге цхьабосса хилча а дика ду олийла дац, ткъа хууш ма-хиллара, Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) кхоллар дерриге юккъера барамехь хилла ду, кхачамалла долуш хилла ду, цундела, цуьнан когаюкъ мелла а хьалаайййелла хилла, амма дукха чIогIа хьалатаьIна ца хилла. Цундела, и хьалатаьIна йара бохучунна лууш дерг – юккъера барамехь йара бохург ду; хьалатаьIна яцара бохучунна лууш дерг – дукха хьалаайййелла яцара бохург ду. Иштта ду Iеламнаха цу хьадисийн хьокъехь аьлларг, ткъа дика хуург АллахI ву.

[101] Когаш текхор доцуш, ког билггал хьала а ойъуш, тIаккха дикка охьа а буьллуш, ког охьабуьллучу хенахь шен дегIан хIоттамца догIуш долчу кепара мелла а дIаса а таьIаш, болар дара цуьнан. Когаш лаьттах деттар доцуш, кураллийна мачашка гIовгIа йайтар доцуш, меллаша, тийна, оьзданга болар дара цуьнан. Делера къинхетам, маршалла хуьлда цунна.

[102] Шена цхьаьнга вистхила лиъна ша цуьнан агIор хьожуш хилча верриге тIеверзара иза цунна; дехьа-сехьа бIаьргаш ца къедадора цо, къайлах раз хьоьжург санна; беккъа корта дIаберзабой а ца Iара иза.

[103] Цуьнан эсалалла ю кхузахь юьйцург.

[104] Дуьненна тIаьхьабевлла, дуьнене йолу ойла чIогIа йолуш болчеран хьажар санна ца хуьлура цуьнан цхьана хIумане хьажар, мелхо а шена оьшшучул хьажа а хьожий IадIара иза, шен ойла дуьненаца лаьтташ ца хиларе терра массо хIуманна тIе бIаьрса хIиттош ца хуьлура, бIаьргаш тIеде́гIош ца хуьлура иза. Делера салават, салам хуьлда цунна.

## Амалш, гIиллакхаш, кхийолу дикаллаш

АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) нахана юкъахь уггаре майра верг вара. Iелас дийцина (Дела реза хуьлда цунна): «Ши агIо чучча а йахана, тIом марса баьлча, АллахIан Элчанна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) улле доьлхий, цуьнца ларлора тхо (мостагIех, тIеман буьрсаллех)».

Нахана юкъахь уггар комаьршаниг вара иза. Шега цхьа хIума ехча, цкъа а «хIан-хIа» аьлла дац цо.

Нахана юкъахь уггар кIеда-мерза хилла ву иза.

Доьххьара далийначу нускалначул чIогIа эхь хетар долуш хилла ву иза; шен бIаьрса цхьана адаман юьхь тIедогIийна латтош ца хилла цо цундела.

Ша шен доьхьа бекхам беш ца хилла цо, шен доьхьа оьгIаз воьдуш ца хилла иза. Делан дозанаш дохийча, Дала хьарам динчунна тIегIоьртича, Делан доьхьа оьгIаз воьдуш хилла иза тIаккха. Ткъа иза АллахIан доьхьа оьгIаз ваханчул тIаьхьа цхьа а адама (йа цхьа а хIумано) вухатухуш ца хилла иза (цо и вониг дIадаккхалц, и хьарам дерг цо нисдина даллалц).

Нийсона тIехь, бакъона тIехь цхьатера хилла цунна гергарниг а, генарниг а, ницкъ болуш верг а, гIийланиг а.

Юучунна цкъа а вон хIума ца аьлла цо, шена езахь юуш хилла цо, ца езахь Iадйуьтуш хилла.[105]

АгIона тIе дIатевжина а волуш яахIума юуш ца хилла цо.[106] Стоьла тIехь яахIума юуш а ца хилла цо.[107]

---

[105] Бухарий, Муслим. Ткъа иза, Iеламнаха ма-аллара, мегаш долчу даарца доьзна ду. Амма хьарам йолу юург – иза вон хилар довзуьйтуш хилла цо, и даар ца магош хилла цо, иза хьарам хилар билгалдеш хилла цо. Делера къинхетам, маршалла хуьлда цунна.

[106] ДIатевжина яахIума яар кураллин охIлунах болчеран Iедал долу дела дезаш ца хилла иза Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Олуш хилла цо: «Лайно санна яахIума юу ас, лай санна охьа а хуу со, лай бен вац со». Цундела цхьаболчу Iеламнаха, цхьа а бахьана а доцуш дIатевжина яахIума яар дика ца лерина. Могшаллин агIор а тидина цара иза дика ца хилар. Къилахь ду бохург дац иза дика ца лерина бохург, иштта ца яар гIолий ду бохург ду. Ткъа цхьаболчу кхечу Iеламнаха и хIума дика ца хилар къаьсттина Пайхамарца доьзна хилла ду аьлла, цундела дика ца ла́ра хIума дац иза аьлла цара.

[107] Цу заманахь яахIума лаьттахь юуш хилла, буха хIума охьа а тоссий. Ткъа, мелла а лаьттара хьалаайийелла йолчу стоьла тIехь яахIума яар базлуш болчу нехан Iедал хилла,

Мегаш долчу цхьа а даарх ийзалуш ца хилла иза, шена хурма хилча и юууш хилла цо, бепиг (кхаллар) хилча и дууш хилла, еттина хlума карийча иза а юуш хилла, кlан бепиг хилча йа мекхан бепиг нисделча иза а дууш хилла, ткъа шена шура карийча цунах тоам беш а хилла цо.[108] Тlеда хурманца «паста» йиина цо. Мерза хlума а, моз а езаш хилла цунна.

Абу Хlурайрас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Делан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хlокху дуьненах къаьстира мекхан бепиг вуззалц цкъа мукъане диъна доцуш».[109] «Мухьаммадан доьзалехь ши-кхо бутт бо́луш хилла, цуьнан цхьа а хlусамехь кхача кечбан латош цlе йоцуш. Церан кхача хи а, хурма а хилла».[110]

Совгlат къобал деш хилла цо, сагlанах хlумма юуш ца хилла цо,[111] шена деллачу совгlатана доьхьал (хlуъа елла а) цхьаъ луш хилла цо.

Кхачанехь, духарехь цхьа хаз-хазаниг, дик-диканиг лоьхуш ца хилла цо. Шена карийннарг, шена хилларг юуш хилла, тlеюхуш хилла цо.

---

дуьненан агlо чlогlа йолчеран lедал хилла, шайн кортош хlума кхоллучу хенахь охьате́lо ца дезийта стоьла тlе буьллуш хилла цара кхача. Ткъа Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цкъа а цу кепара яахlума юуш ца хилла, мелхо а лаьттахь юуш хилла цо, буха хlума а тоссий. Ткъа цо стоьла тlехь яахlума йиъна ца хилар – стоьла тlехь яахlума яар хьарам ду бохург дац, йа иза вон хlума ду бохург дац, иза мегаш хlума ду, lеламнаха оцу хьадисийн маьlна дечахь билгал ма-дарра. Ткъа вайна иштта и санна долу хlуманаш довзаран дуккха кхидолу пайданаш ду, хьарам-хьанал дерг цаьрца доьзна дацахь а. Церах ду, масала вайна довзар, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) эсала адам хилла хилар, иза базлуш болчу нахах хилла ца хилар, иза дуьненаца доьзна долчунна паччахьийн амалех тера амалш йолуш хилла ца хилар, иза жимма хьалха вай ма-дийццара, цо ша́ ма-аллара, Аллахlан лай хилла хилар. Ткъа цу балхо цуьнан кхачамалла гойту, цуьнан уггар лакхара дикалла гойту, цуьнан сийлахьалла гойту, цуьнан дозалла гойту. Стоьла тlехь яахlума яар lаддитарца ца хилахь а, адамехь эсалаллин амал а, цуьнца доьзна долу хаза гlиллакхаш а хила дезар гойту.

[108] Йоцург хlунда яц ца бохуш, йоцург лоьхуш, даарш хоьржуш ца лелла иза, Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна. Шена шен хlусамехь, йа хьошалгlахь, йа новкъа воьдуш волуш Дала нисйиннарг юуш хилла цо.

[109] Бухарий, Муслим. Вуззалц и бепиг (кхаллар) диъна дацара цо шен дахарехь бохург ду цуьнан маьlна, хlунда аьлча дуккхах йолчу хенахь Пайхамаран хlусамехь къелла лаьттина, наггахь юург алсам ялар нисделчи а дукха латтош ца хилла цара иза шайгахь, Пайхамарна тlебогlурш дукха хиларна сагlийна дlалуш хилла цара. Шен хlусамехь йала хlума ца хилча, декхарийла воьдий а ехначунна дlалуш хилла цо, Делера къинхетам, массо диканаш, лаккхара даржаш хуьлда-кх цунна. Лаьмнаш деших дуьзна хилийта йиш йолуш хилла вара иза, дуьненан бахамаш массерачул дукха хилийта аьтту болуш хилла вара иза, дуьненан паччахьаш санна ва́ха йиш йолуш хилла вара иза, делахь а цо хаьржинарг дуьне ца хилла, дуьненан бахамаш цуьнан дагчохь ца хилла, шен керахь Дала нисбинарг а Делан некъахь дlахьажош хилла цо. Делера салават, салам хуьлда цунна.

[110] Бухарийс, Муслима дийцина иза lа́ишатера схьа (Дела реза хуьлда цунна).

[111] Пайхамаршна мегаш хилла дац наха сагlийна елла хlума яа а, лелон а. Иштта мегаш хилла дац иза Пайхамаран (Делера къинхетам, маршалла а хуьлда цунна) доьзалшна а.

Шен йоьхна мача тоьгаш хилла цо, шен тишйеллачу бедарна йома латош хилла цо, шен доьзалехь (хIусамехь) дечу гIуллакххехь да́къалоцуш хилла цо,[112] цомгаш берш болчу зерате воьдуш хилла иза.

Нахана юкъахь уггар эсала верг хилла иза. Хьолахочо йа мискачо, схьавалар муьлхха кепара долчо шега хьошалгIа кхайкхича, воьдуш хилла иза цига.[113]

Миска нах безаш хилла цунна, церан тезета воьдуш хилла иза, церах цомгаш верг волчу зерате воьдуш хилла иза, къен стаг лахара хеташ ца хилла цунна, паччахьийн паччахьаллех ийзалуш ца хилла иза.

Дин тIе а, эмкал тIе а, вир тIе а, бIарз тIе а хууш хилла иза; шен азатхо (лай) верг а, кхиверг а шеца цхьаьна шена тIе́хьа́ цу тIехаош а хилла цо. Шена тIаьхьахIоьттина цхьа а воуьйтуш ца хилла цо, «Сан букъ малийкашна бита» олуш хилла цо.

ТIергIан бедарш юхуш а хилла цо, тегна мачаш юхуш а хилла цо. Уггар цунна дукха деза духар «ал-хьибарахI» олург хилла, Йеменера оба-тайпа духар хилла иза, цIенкIай могIанаш йа тайнаш долуш тIехь.

Цуьнан мохIур детих хилла, (тIебиллина арахьара тIулг боцуш) дерриге дети хилла иза. Аьтту куьйган цIаза пIелгахь лелош хилла цо иза, наггахь аьрру куьйгахь лелош а хилла.[114]

---

[112] Масала, мача тегарал совнаха, бедаршна йома латорал совнаха, даьхни оза дезча иза узуш хилла цо, эмкална йа говрана хьалха юург йилла езча и юьллуш хилла цо, хIусамехь шена нех карийча иза дIайоккхуш хилла цо, эмкал чуерзо йа дIаехка езча и хIума деш хилла цо, базарахь шена оьшург оьцуш хилла цо, ша́ иза тIаккха шен цIа йохьуш хилла цо, шен хIусамехь гIуллакх деш болчаьрца цхьаьна охьахиъна яахIума юуш хилла цо. Иштта хилла вайн сийлахь-веза волу Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), ша́ пайхамар вара аьлла, йа ша массо адамийн эла вара аьлла кураллаш еш ца хилла цо, дозаллаш деш ца хилла цо, ша́ иштта воллушехь кхидолу адамаш санна, шена гонахара нах санна, эсалаллийца, АллахIана муьтIахьаллийца ваьхна иза. Куьйгалхо волчахь уггар дика куьйгалхо, хьехархо хила везачахь уггар дика хьехархо, къеда хила везачахь уггар нийса къеда, хIусамда хила везачахь уггар дика хIусамда, доттагI хила везачахь уггар дика доттагI, тIемало хила везачахь уггар дика тIемало, берийн да хила везачахь уггар дика да, адам хила дезачахь уггар дика адам, Iибадат дарехь уггар дика Iибадат дийриг, Делах кхерарехь уггар чIогIа Делах кхоьрург, къинхетаме хила везачахь дерриге Iаламашна къинхетам хилла иза. Иштта хилла иза, Делера салам-маршалла хуьлда цунна. Ткъа и воцург кхин цхьа а хила велла вац дахаран массо агIонашкахь цу кепара кхачамалла долуш. Цхьана, шина, кхаа агIонехь кхачамаллийна герга гIоьртича а, массо агIонашкахь уггар диканиг волуш и воцург кхин цхьа а хилла вац.

[113] Хьолахочо кхайкхича воьдуш, къен волчо кхайкхича ца воьдуш ца хилла иза, тайпа-тукхам доккха долчо кхайкхича воьдуш, тайпанах-тукхамах боцучара кхайкхича ца воьдуш ца хилла иза. Нахана юкъахь цу хIуманашца къестамаш беш ца хилла, гергарло а, хьошалла а массаьрца цхьатерра хилла цуьнан, мискачуьнан а, махкара воцучуьнан а хIусамехь кхача баарх, иштташе хьошалгIа вахарх къехкаш ца хилла иза.

Мацаллийна шен гай тIе тIулг боьхкуш хилла цо, ткъа АллахIа дуьненан ерриге хазнийн догIанаш делла хилла цунна, делахь а цо уьш схьа ца оьцуш, церал хьалха эхарт даьккхина, эхартара дахар хаьржина хилла.

Дела хьехор дукха хилла цуьнан, эрна къамел хила а ца хилла цуьнан. Ламаз дахдеш хилла цо, ткъа хутIба дацдеш хилла цо.[115]

Нахана юкъахь уггар дукха велалуш верг хилла иза, царна юкъахь уггар чIогIа векхавелла верг хилла иза, шен саццаза сагатдарш хиллашехь, ша́ даим ойла еш хиллашехь.

Хаза хьожа йогIу хIума (IатIар-тайпа хIума) дукха езаш хилла цунна, вон хьожа ца е́зо́ш а хилла цунна.

Сийлахьаллин дайшца уьйр-синтем лохуш хилла цо, дозаллин дайн лерам беш хилла цо, шен векхавалар цхьаннех дIахьовзош ца хилла цо, цхьаннеца а кIоршаме ца хилла иза.

Мегаш долу самукъадаккхар гуш хилла цунна, иза сацош йа ца магош ца хилла цо.

Забар еш хилла цо, (делахь а) бакъдерг бен олуш ца хилла цо. Шена бехказаволучуьнгара бехказло къобал еш хилла цо.

Лайш хилла цуьнан, гIарбаш а хилла цуьнан,[116] даарехь йа духарехь церал хьалаийлуш ца хилла иза, церал лакхавуьйлуш ца хилла иза.

АллахIа доьхьа еш йолу цхьа Iамал еш и воцуш, шена йа шен доьзална оьшуш долу цхьа гIулкх деш и воцуш цхьа а хан дIайоьдуш ца хилла цуьнан.[117]

УьстагIий дажош хилла иза. Цо аьлла: «Цхьа а пайхамар вац уьш да́жо́за».[118]

---

[114] Муслим.

[115] Абу Даву́д, Наса́ий. Ламаз дахдеш хилла бохург – рузбан дийнахь деш долчу хутIбатаца дуьстича рузбан ламаз цул дахдеш хилла цо, хутIба ламазал доца деш хилла цо бохург ду, тIаьхьахIиттинчарна хало а, новкъарло а хуьлучу кепара рузбан ламаз дахдеш хилла бохург дац. Муслима а, кхечара а дийцинчу хьадисехь деана ду, цуьнан хутIба а, ламаз а юккъера барамехь дара аьлла. ЛадугIучунна дукха деха хир доцуш, юккъера барамехь хутIба дара цуьнан; тIаьхьахIоьттинчунна дукха хало хир йоцуш, юккъера барамехь ламаз а дара цуьнан бохург ду иза.

[116] Цо мокъабаьхна болу цуьнан азатхой бу уьш, хIокху жайнин хьалхарчу да́къошкахь бийцира уьш Имам Iабдул-ГIанийс. Хьажа: 35-гIа агIо.

[117] Эрна хан йойъуш ца хилла цо, цхьа пайде хIума деш воцуш эрна хан дIайохуьйтуш ца хилла цо. Дахарехь уггар мехаланиг, уггар маьIне ерг хан ю, хIунда аьлча иза цуьнан оьмар ю, хIора минот, хIора сахьт, хIора де адаман оьмаран цхьа да́къа ду, йа пайде хуьлучу агIор чекхдолуш, йа эрна чекхдолуш, йа зене хуьлучу агIор чекхдолуш. Ткъа хIара хан ларйар вайн Пайхамарера масал эца дезачу хIуманех ду, вай схьаэца езачу цуьнан амалех цхьа амал ю.

[118] Бухарий, Муслим.

Iа́ишате (Дела реза хуьлда цунна) хаьттина хилла Делан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) амал-гIиллакххах лаьцна. Цо жоп делла: «Цуьнан амал-гIиллакх Къуръан дара».[119] АллахI Дела оьгIаз воьдучу хIуманна оьгIаз воьдуш хилла иза, Иза реза волчу хIуманна реза хуьлуш а хилла иза.

Ма́ликан кIанта Анаса дийцина (Дела реза хуьлда цунна), нийса хьадисехь: «Делан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) куьйгал кIеда хир долу цхьа а да́рих куьг Iоттаделла дац сан. Делан Элчанах (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) йогIучу хазчу хьожанал хаза хьожа а еана яц суна цкъа а. Делан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гIуллакхе хьожуш, цунна оьшучуьнга хьожуш итт шо даьккхина ас, цкъа а «уфф» аьлла дац цо соьга, ас динчу цхьа а хIуманна «Иштта хIунда дина ахь иза?» аьлла дац цо соьга, ас ца динчу хIуманна «Иштта а, иштта а дина делара ахь иза» аьлла дац цо соьга».[120]

Лекха хинволчу АллахIа амалийн а, гIиллакхийн а кхачамалла елла хилла цунна, гIуллакхийн дикалла елла хилла цунна, хьалха хиллачеран а, тIаьхьа хиллачеран а Iилма а делла хилла цунна, (дакъазаллех) кIелхьаравоккхуш долу Iилма, (декъалаллийца) толам хуьлуьйтуш долу Iилма делла хилла цунна Дала. Ткъа ша́ иза еша а, язйан а хууш ца хилла, йа адамашна юкъара цуьнан цхьа а хьехархо ца хилла, цуьнан кхиар а Iилма девзаш доцучу мехкашкахь, гIамар-аренийн мехкашкахь хилла.

Iаламашкахь Ша́ цхьанна а ца делларг делла цунна АллахI Дала, хьалха хиллачарна а, тIаьхьа хир болчарна а массарна юкъара (вазвина) хаьржина хилла ву иза Цо.

АллахIера къинхетам, хаза хестораш, лаккхара даржаш, массо диканаш хуьлда-кх цунна даим, Къемат де тIекхаччалц.

[119] Муслим.

[120] Бухарий, Муслим.

## Пайхамараллин тешаллаш, билгалонаш [121]

Цуьнан уггар даккхийчу тешаллех, уггар сирла билгалонех ду сийлахь Къуръан, шена тIе цхьанне агIор харцо йогIуш доцу. Хьекъале волчуьнгара, Хастаме волчуьнгара доьссина ду иза. ЦIена мотт буьйцурш гIорасиз бина хилла цо, говза мотт буьйцурш хьере бина хилла цо. Цу тIера итт сурат саннарг шайга кхоллалур доцуш, йа цхьа сурат саннарг, йа цхьа айат санна хIума шайга далур доцуш кIелбитина хилла цо уьш. Иза цу кепара лаккхара хиларна тешалла дина хилла Делаца накъост вечара а тIехь. Иза бакъхилар билггал девзина хууш хилла цунна керстадечарна а, иза духатоьхначарна а тIехь.

Делаца накъостий луьйцучара дехна хилла Делан Элчане (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), хьой бакъхиларан билгало гайта шайна аьлла, тIаккха цо гайтина хилла царна бутт бéкъалуш – ши дáкъа хилла дIахIоьттина хилла иза.[122] И ду лекха хинволчу АллахIан хIокху айатехь лууш дерг: ﴿Герга деана (Къемат де хIоттаран) сахьт; бекъабелла бутт﴾.[123]

Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла хилла: «Бакъдолуш, лекха хинволу АллахIа гулдира суна латта, тIаккха суна гира цуьнан малхбаленаш а, малхбузенаш а. Сан умматан паччахьалла кхочур ма ду суна иза гулдина (гайтинчу) меттигашка».[124] АллахIа бакъ хилийтина цо аьлларг, цуьнан умматан паччахьалла малхбаленан а, малхбузенан а йисте кхачийтарца, ткъа къилбехь а, къилбаседехь а даьржина хилла дац иза.

Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ша хутIба дечу хенахь цхьана дечигана (хена) уллехь деш хилла. ТIаккха цунна минбар а йина, хутIба дан иза цу тIе хьалаваьлча, эмкало шен жимчу кIорнешна сахьевзича аьзнаш дохуш санна аьзнаш даха йолаелла и дечиг. ТIаккха Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цунна тIе а веана, цунна уллехь дIахIоьттина. Доьлхучара

---

[121] Тешалла бохучух кхузахь лууш дерг – Iаьрбийн маттахь «муIжизат» олург ду. Адамашка далуш доцуш, церан ницкъ кхочуш доцуш, Дала пайхамаршка дойтуш, йа царна хуьлуьйтуш долу хIуманаш ду уьш, масала Iийса пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) велларг денвар а, бIаьрзечуьнан бIаьрса юхадерзор а, иштта кхидIа. Вайн Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) и тешаллаш вуно дукха ду, церах уггар доккханиг Сийлахь Къуръан ду. Оцу тешаллех лаьцна, уьш дерриге гулдеш Iеламнаха яздина жайнаш ду.

[122] Бухарий, Муслим.

[123] Сурат «Ал-Къамар» («Бутт»), 1-ра айат.

[124] Муслим.

сацош долчу беро санна узамаш деш хилла цу дечиго, цул тIаьхьа дIасецца хилла иза.[125]

Мосуьйттоза цуьнан пIелгаш юкъара хи деана а хилла.[126]

ТIулгаша тасбихь дина (Дела вазвеш «СубхьаналлóхI» аьлла) хилла цуьнан керахь долуш. ТIаккха цо Абу-Бакаран куьйга дехкина хилла уьш, тIаккха Iумаран куьйга, тIаккха Iусманан куьйга дехкина хилла уьш, тасбихь деш а хилла цара.[127]

Цо яахIума юучу хенахь цуьнгахь болчу кхачано тасбихь деш хезаш хилла асхьабашна.[128]

Цуьнга доьххьара пайхамаралла деллачу буьйсанашкахь салам луш хилла цуьнга тIулгаша а, дитташа а.[129]

Юкъадиллина дIовш а долуш цуьнга даийта делла хилла долу тIа дистхилла а хилла цуьнга. Ткъа цуьнца цхьаьна цунах цхьадерг кхаьллина хилларг велла хилла, ткъа цул тIаьхьа а диъ шарахь ваьхна хилла, Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна.[130]

Барзо тешалла дина а хилла цуьнан пайхамаралла бакъ хиларца.[131]

---

[125] Бухарийс дийцина и хьадис.

[126] АллахIан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) пIелгаш юккъехула хи дáр дуккха болчу асхьабашкара дуккха хьадисашкахь дийцина ду, и хIума тайп-тайпана йолчу дуккха меттигашкахь хилла а ду. Церах цхьадерг Бухарийс а, Муслима а дийцина ду. Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, шаьш Элчанца (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цхьанхьа гIазоте дахана новкъахь а долуш, малхбуза ламазан хан тIехIоьттира шайна аьлла. ТIаккха наха ламаз эца хи лехна шайна гонаха, амма царна иза ца карийна. ТIаккха, цхьана хIуман чохь Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) хи деана хилла цара, шайгахь хиллачух, цуьнга ламаз эцийта. Цо тIаккха оцу хIуманчу шен куьг диллина, тIаккха цу чура хица ламаз эца аьлла цаьрга. Кхузткъеитт стаг хилла уьш цигахь хилларш, цара массара а оцу жимчу хIуманчура ламаз эцна. Анаса боху: «Цуьнан пIелгаш бухара хи хьаладуьйлуш гира суна. Наха ламаз а ийцира массара, тIаьххьарчуьнга кхаччалц».

[127] Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) керахь долуш тIулгаша тасбихь дар Бухарийс дийцина ду. Цо уьш шен кхаа асхьабан кера дахкар ТIабарáнийс дийцина ду.

[128] Бухарий.

[129] Муслим, Тирмизий.

[130] Бухарий, Муслим, Абу Давуд.

[131] Ахьмада а, Ибн Хьиббáна а дийцина Абу СаIид ал-Худрийгара схьа (Дела реза хуьлда цунна) иштта маьIна долу хьадис: «Цхьана жаIун жа юкъара цхьа уьстагI лаьцна хиллера цхьана барзо. ЖаIуно цунна тIаьхьа а кхиъна, цуьнгара и уьстагI схьабаьккхина хилла. ТIаккха барзо шен цIогана тIе охьа а хиъна, аьлла хилла цуьнга: «АллахIах ца

Цхьанхьа новкъахь воьдуш волуш, тIехь хи кхоьхьуш йолу цхьана эмкална тIенисвелла хилла иза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна). Шена и гича, мохь хьоькхуш санна цхьа аьзнаш даьхна хилла цу эмкало, тIаккха шен ворта лаьтта охьайиллина хилла цо. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла тIаккха: «Шега дукха болх бойту, шена юург кIеззиг ло бохуш арздеш йара иза».[132]

Кертахь цхьа эмкал йолчу беша юкъавахана хилла иза цкъа, тIаккха шена и гича сингаттаман узамаш дина хилла цо, бIаьргех хиш девлла хилла цуьнан. ТIаккха и эмкал йолчуьнга аьлла хилла цо (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна): «Бакъдолуш, ахь ша мац а йо, ахь ша дукха кIад а йо аьлла арздеш йара иза соьга».[133]

Цхьана кхечу беша юкъа вахана хилла иза. Цу кертахь борша ши эмкал хилла, цаьршинан да и шиъ схьалаца а ца елла, кIелвисина хилла. Ткъа, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цаьршинах цхьанна гича, тIе а еана цунна хьалха охьайийжина хилла иза, тIаккха цунна тIе урх а тесна, цуьнан дега дIаелла цо иза. ТIаккха шолагIчунна а и гича, доьххьаралерачо диннарг дина хилла цо а.[134]

Цкъа иза цхьана новкъахь волуш, наб йан дIатевжина хилла иза (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), тIаккха латта декъа а доькъуш цхьа дитт цунна тIе а деана, иза дIахьулвеш цунна тIехула дIахIоьттина хилла. (Цул тIаьхьа шен метта

---

кхоьру хьо?! АллахIа суна тIедалийна долу рицкъа соьгара схьадоккхуш ву-кх хьо!». ЖаIуно аьлла тIаккха (цецваьлла): «Ма тамашийна хIума ду-кх хIара! ЦIогана тIе охьа а хиъна, соьга адамийн (маттахь) къамел деш ю-кх борз». Барзо аьлла тIаккха: «Цул тамашийна дерг дийца ас хьуна? Мухьаммад, АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ву хьуна Йасрибехь (Мединатехь), хьалха хилла долчух лаьцна дийцарш дуьйцуш нахана». ТIаккха шен жа далош Мединате веана и жаIу. ГIаланан цхьана йистехь шен жа саца а дина, АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) волчу веана иза. Барзо аьлларг дийцина цо цигахь. ТIаккха АллахIан Элчано аьлла цуьнга: «Дийца хьайга барзо аьлларг». Нахе дийцина цо тIаккха, барзо шега аьлларг. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла тIаккха: «Бакълуьш ву хIара жаIу. Къемат дийнан сахьт (герга гIоьртина хиларан) билгалонех ду шуна, акхарой адамашка йистхирг хилар. Сайн са Шен керахь долчуьнца дуй ма буу ас, Къемат де хIуттур ма дац акхарой адамашка йистхиллалц, стаге цуьнан мача йистхиллалц, цуьнан шедан йист йистхиллалц, иза араваьллачул тIаьхьа цуьнан доьзало дийцинарг цуьнга цуьнан настаро схьадийццалц». ХIара хьадис нийса хьадис ду, Шейх ал-Албáнийс а, Шейх ШуIайб ал-АрнаýтIа а ма-аллара. Ткъа цу юкъара цхьадерг вайна хIинца хуучу кепара хила йиш йолуш ду, важадерг муха хир ду АллахIана дика хаьа.

[132] Ахьмад, ал-БагIавий.

[133] Ахьмад, Абу Давуд.

[134] И дийцар масийтта кепара дийцина шен иснадаца, масала, Имам Ибн Каси́ра (Дала къинхетам бойла цунах), шен «Ал-бидáйату ваннихIáйахI» цIе йолчу жайнахь, Пайхамаран (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) муIжизáташ дуьйцучу меттехь.

юхадахана иза). ТӀаккха иза самаваьлча асхьабаша дийцина цуьнга шайна гинарг, тӀаккха цо аьлла: «АллахӀан Элчане (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) салам дала Деле пурба дехна дитт дара иза, АллахӀа пурба деллера цунна».

Кхин а, шина дитте омру дина хилла цо цхьанакхета аьлла, тӀаккха и шиъ цхьанакхетта хилла. ДӀасакъаста аьлла омру дина хилла цо, тӀаккха и шиъ дӀасакъаьстина хилла.[135]

ГӀамар-аренца Ӏаш волчу цхьана стага шена билгало гайта аьлла хилла цуьнга, тӀаккха цо цхьана диттана омру дина хилла, тӀаккха шен орамаш хеда а дина, цунна хьалха схьа а деана дӀахӀоьттина иза. ТӀаккха цо омру дича, шен метта юхадахана хилла иза.[136]

(Хьадж дечу хенахь) ялх эмкална урс хьакха лиъна хилла цунна, тӀаккха уьш шай-шай цунна тӀе хьалха кхача лууш герга гӀиртина хилла цунна, Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна.[137]

Бахказа дуккха хан йолуш, ка бовзаза хилла болчу цхьана уьстагӀан шимана тӀе куьг хьаькхна хилла цо, тӀаккха и шим буьзна дӀахӀоьттина хилла, тӀаккха цо цунах шура а оьзна, шена а мелла хилла, Абу-Бакарна а елла хилла.[138]

И санна дийцар (цо иштта и хӀума дина хиллера аьлла) дийцина ду Умм МаӀбадан четар чохь волуш а.[139]

НуӀма́нан кӀентан Къата́датан бӀаьрг схьабаьлла хилла (цхьана тӀамехь чов йина). Ткъа Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) иза шен метта юха чубиллина хилла, цул тӀаьхьа цуьнан шинан бӀаьргах уггар диканиг, уггар дика са гуш берг хилла иза, цундела олуш хилла: цуьнан схьабаьлла хилларг а, ца хилларг а муьлха бу къасталуш бацара.[140]

---

[135] Муслим, Ибн МаджахӀ, Ибн Хьиббан.

[136] Да́римий, Ибн Хьибба́н, ТӀабара́ний. Шейх ал-Алба́нийс а, Шейх ШуӀайб ал-Арнау́тӀа а нийса ду аьлла иза.

[137] Ахьмад, Абу Давуд.

[138] И шиъ хӀижрат дина Маккара Мединате воьдучу новкъахь хилла иза. Ахьмада, ТӀабаранийс дийцина иза, нийса хьадис а ду иза.

[139] Иза а цу новкъахь хилла, хӀижрат дина Маккара иза Мединате воьдучу хенахь.

[140] Абу ЙаӀла́с а, Абу НуӀайма а дийцина, Къата́датера схьа (Дела реза хуьлда цунна), цхьана тӀамехь цуьнан бӀаьрг лазийна хиллера аьлла. Кхеттачу чӀуно цуьнан бӀаьрг шен меттера арабаьккхина хилла, бесне тӀехула охьаоллабелла кхозуш хилла иза. ТӀаккха иза дӀахадо дагадеана царна. Делахь а, цкъа доьххьара Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) гайта веза иза аьлла, цунна тӀевигина цара иза. ТӀаккха, Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) шен куьйгаца шен метте чунисбина цуьнан бӀаьрг. Цул тӀаьхьа, ур-атталла шен муьлха бӀаьрг лазийна хиллера а хаалуш ца хилла цунна, цхьаъа хӀума хила а ца хилча санна бӀаьрг туобелла дела.

Iела (Дела реза хуьлда цунна) бIаьргаш лозуш хьийзачу хенахь, цуьнан шина бIаьрга чу шен туй хьаькхна хилла цо (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), цу меттехь сихонца туобелла хилла цуьнан ши бIаьрг, кхин цул тIаьхьа цкъа а лезна а ца хилла.[141]

Кхин а, цхьа цамгар кхетта иза хьийзаш волуш, доIа дина хилла цо цунна, тIаккха туовелла хилла иза, цул тIаьхьа дуьйна кхин и лазар девзина ца хилла цунна.[142]

Ансарех хилла волчу Iати́кан кIентан IабдуллахIан ког чов йина лазийна хилла, тIаккха цо куьг хьаькхна хилла цу тIе, цу меттехь сихха туобелла хилла тIаккха цуьнан ког.[143]

Халафан кIант Убайй ал-Джумахьий Ухьудехь ша́ вуьйр ву аьлла хаийтина хилла цо, тIаккха (тIом болабелча) цхьа кIеззиг кховр доккхуш чов йина хилла цо цунна, тIаккха иза цо ма-аллара велла хилла.[144]

(Мединатера) МуIа́зан кIанта СаIда аьлла хилла Халафан кIанте Умаййате: «Мухьаммада ша́ хьо вуьйр ву олуш хезна суна». Ткъа, Бадрехь тIом болуш вийна хилла иза керста а волуш.[145]

---

[141] Бухарий, Муслим.

[142] Ахьмад.

[143] Бухарий.

[144] Делан Элча (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Маккахь волуш, ша́ и вуьйр ву бохуш цунна кхерамаш туьссуш хилла и Убай. ТIаккха Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) цкъа аьлла хилла цуьнга: «Мелхо а, ас хьо вуьйр ву, Дала мукъа лахь». Цул тIаьхьа дуккха хан яьлча, Ухьуд ло́ма хьалха боьдуш тIом болуш, Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) чов йина лазийна хилла иза, йоккха чов а ца хилла иза. И хилча дуьйна тIера бос байна, тIом дIабирзинчул тIаьхьа а гонаха болчара «Цхьаъ лаа дац хьоьца» бохуш лелаш хилла иза. Цигахь аьлла хилла цо: «Маккахь волчу хенахь со вуьйр ву ша аьллера цо соьга, цо суна туй бен тоьхна ца хиллехь а вуьйр волуш хилла цо со». Хилларг хилла а даьлла, уьш Макка юхабоьлхучу хенахь новкъахь велла хилла иза.

[145] Бухарийс дийцина: «МуIа́зан кIант СаIд Iумрате вахана хиллера. Маккахь иза Халафан кIантана Умаййатана тIевоьссина хилла. Ткъа Умаййат ша Шема воьдучу хенахь Мединатехула во́луш хилча СаIдана тIевуссуш хилла. КаIбатана гонаха СаIд тIаваф деш волуш, Абу ЖахIлана гина иза. «И мила ву КаIбатана гонаш дохуш верг?» аьлла цо хаьттича, СаIда ша́ ву аьлла. Абу ЖахIла аьлла цуьнга: «Могаш-маьрша КаIбатана гонаха тIаваф деш ву хьо, Мухьаммад а, цуьнан накъостий шаьш тIелаьцна боллушехь?!». Ву ша́ аьлла СаIда жоп делча, дов даьлла хилла цаьршинан. Умаййата СаIде олуш хилла, «Аз ма ийделахь цунна хьалха, иза хIокху тогIенан эла ву хьуна». СаIда аьлла цул тIаьхьа Абу ЖахIле: «Ас АллахIаца дуй буу хьуна, нагахь санна ахь соьга ЦIийна гонаха тIаваф ца дайтахь, Шема лелаш долу хьан йохкар-эцаран некъ хадор ма бу ас!». Умаййат тIаккха иза дIате́ван хIоьттина, «Ма ийделахь аз» бохуш. Цо ша́ схьалаьцча оьгIаз ваханчу СаIда аьлла цуьнга: «Iадвита со, дIавала. Бакъдолуш Мухьаммада (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) ша́ вуьйр волуш ву олуш

Бадрехь тӀом хилале хьалха, керстанаш лийр болу меттигаш йийцина хилла цо: «ХӀара кхана и цхьа хьенех лийр волу меттиг ю, Дала мукъа лахь. ХӀара кхана и цхьа хьенех лийр волу меттиг ю, Дала мукъа лахь...». Цо бийцинарш массо оцу цӀетоьхна йолчу меттигашкахь велла хилла, цхьа а кхечу меттехь ца леш.[146]

Шен уммат юкъара цхьана тобанаша хӀурда тӀехь гӀазот дийр ду аьлла хаийтина хилла цо, царна юкъахь Милхьа́нан йоӀ Умм Хьара́м а хир ю аьлла хилла цо. Цо ма-аллара хила а хилла иза.[147]

Ӏусмане аьлла хилла цо, цхьа ба́ла хӀуттур бу цунна тӀе аьлла, ткъа Ӏусман вийна хилла.

Ӏелин кӀанте Хьасане аьлла хилла цо: «Бакъдолуш, хӀара сан (йоьӀан) кӀант эла ву; АллахӀа кхуьнгахула бусалба нехан цхьана йоккха шина тобанна юкъахь маслаӀат дарга догдоху ас».[148] Цо ма-аллара хила а хилла иза.[149]

Йеменехь харц-пайхамаралла кхайкхийна хилла волу ал-Асвад ал-Ӏансий вийна хилар довзийтина хилла цо, и хьан вийна а довзийтина хилла цо, и вийначу буьйсанна, уьш Йеменера СанӀа́ъ гӀалахь а болуш.

Иштта довзийтина хилла цо (Персехь волу персийн паччахь) Кисро́ вер а.[150]

Азд цӀе йолчу тайпанах хилла Шайма́ъ гайтина шена Дала аьлла дийцина хилла цо, тиллина Ӏаьржа йовлакх долуш, сира басахь йолчу бӀарза тӀехиъна йогӀуш. ТӀаккха Абу-Бакар Сиддикъ бусалба нехан куьйгалхо хӀоьттинчу заманахь, Вали́дан кӀентан

---

хезна суна». Умаййата хьаттина: «Сой?». «ХӀаъ» аьлла жоп делла СаӀда. ТӀаккха Умаййата аьлла: «АллахӀаца дуй ма буу ас а, ша́ цхьаъ олуш хилча харц луьйш (хилла) вац Мухьаммад». ТӀаккха шен хӀусамнана йолчу а вахана, цуьнга аьлла хилла цо: «Йасрибера (Мединатера) сан вешо соьга хӀун элира ца хаьа хьуна?». ХӀун элира хьоьга аьлла цо хьаттича, кхидӀа аьлла Умаййата: «Мухьаммада ша́ со вуьйр ву аьлла бохуш ву иза». Зудчо аьлла хилла тӀаккха: «АллахӀаца дуй ма буу ас, Мухьаммад харц луьш (доцург дуьйцуш хилла) вац». Хьадис дуьйцуш волчу ӀабдуллахӀ ибн МасӀуда аьлла кхидӀа: «Бадре баха уьш арабовлучу хенахь, уьш схьагулбеш кхайкхам бича, цуьнан зудчо аьлла хиллера цуьнга: «Йасрибера хьайн вешо хьайга аьлла хилларг дага ца догӀу хьуна?». ТӀаккха цига ца ваха дагадеана Ӏаш хилла иза. Ткъа Абу ЖахӀла аьлла хилла цуьнга: «ХӀокху тогӀенан хьалхарчу нахах ву хьо, цундела цхьана-шина дийнахь веъна а ва́н веза хьо тхоьца». ТӀаккха цаьрца новкъа ваьлла (Бадре кхаччалц) вахана хилла иза, тӀаккха АллахӀа вийна хилла иза.

[146] Муслим, Абу Давуд.

[147] Бухарий, Муслим.

[148] Бухарий, Абу Давуд, Тирмизий, Насаий.

[149] Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) куьйгалла ден цхьа тоба а, МуӀа́вийата (Дела реза хуьлда цунна) куьйгалла ден важа тоба а вовшашца тӀом ца беш, бартхилла, маслаӀат хилла дӀасакъаьстина хилла, Хьасана шегара паччахьалла охьа а диллина, МуӀавийатана и бакъо цо дӀаелча.

[150] Бухарий, Муслим.

Халидан эскаро иштта лаьцна хилла иза, цо ма-йийццара (тиллина Iаьржа йовлукх долуш, сира бIарза тIехь йолуш).[151]

Шамма́сан Къайсан кIанте Са́бите аьлла хилла цо: «Хастаме волуш вехар ву хьо, гIазотехь (шахIи́д волуш) валар а хир ду хьан». Хастаме волуш ваха а ваьхна иза, Йама́матехь хиллачу гIазотехь кхалха а кхелхина иза.[152]

Ша бусалба ву бохуш цуьнца цхьаьна тIамехь хилла волчу цхьана стагах лаьцна аьлла хилла цо: «Жоьжахатин охIлунах ву иза». Цо аьлларг бакъ хилар АллахIа гайта а гайтина – шен куьйга ша́ вийна цу стага цул тIаьхьа.[153]

ХаттIа́бан кIантана Iумарна доIа дина хилла цо, тIаккха Iумар шолгIачу дийнахь бусалба дине веана хилла.[154]

Iе́лийна доIа дина хилла цо Деле, йовхо, шело а цунна дIаяккхар доьхуш. Цул тIаьхьа дуьйна йовхо-шело хаалуш ца хилла цунна.[155]

Iабба́сан кIантана Iабдулла́хIана доIа дина хилла цо АллахIе, цунна динах кхетар доьхуш, цунна Къуръанан маьIна дан Iамор доьхуш.[156] Ткъа (иза воккха хиллачул тIаьхьа) цунах «Iеламстаг» олий цIе йоккхуш хилла, (Iилманан) «хIорд» олуш а хилла, цуьнан Iилма дукха хиларна.

Ма́ликан кIантана Анасана доIа дина хилла цо, цуьнан оьмар яхйар доьхуш, цунна дуккха даьхний а, доьзалш а боьхуш, АллахIе цунна церах беркат дар доьхуш.[157] Цул тIаьхьа цунна цхьа бIе ткъа кIант вина хилла, цуьнан хурманан дитташа шарахь шозза стоьмаш луш хилла, бIе ткъа шарахь гергга йолчу хенахь ва́ха а ваьхна иза.

Абу ЛахIабан кIанта Iутайбата хьийзийна хилла иза, коч ятIийна хилла цуьнан. ТIаккха доIа дина хилла цо, Делан жIаьлех цхьа жIаьла цунна тIетасар доьхуш. Шемара Заркъа́ъ олучу меттехь лоьмо вийна иза.[158]

Минбар тIехь иза хутIба деш волуш, йокъуна хIоьттина хилар далхийна хилла цуьнга. ТIаккха, нуьцкъала, сийлахь а волчу АллахIе доIа дина хилла цо, стиглахь цхьа а

---

[151] ТIабаранийс а, кхечара а дийцина и хьадис.

[152] Хьа́кима дийцина и хьадис.

[153] Бухарий, Муслим.

[154] Ахьмад, Тирмизий, Хьаким. Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дина хилла доIа иштта ду: «Йа АллахI, Хьайна хIокху шина стагах алсам везачуьнца нуьцкъала де́хьа Ислам (Бусалба дин): Абу ЖахIлаца йа Iумар ибнул-ХаттIа́баца».

[155] Ахьмад.

[156] Бухарий, Муслим.

[157] Бухарий, Муслим.

[158] Хьа́кима, кхиболчара а дийцина иза.

марха йоцуш, ткъа цо и доIа дича лаьмнаш санна мархаш яьхкина догIанаш ихна тIедогIу рузбан де кхаччалц. ТIаккха йочуна совйа́лар делхийча, нуьцкъала, сийлахь а волчу АллахIе доIа дина хилла цо, тIаккха догIа дIасецна, мархаш дIаевлла, кхетта малх болуш арабевлла уьш маьждиг чура.[159]

Саьнгар охкуш хилла болчу тIамехь да́къа лоцучарна – цхьа эзар стаг хилла уьш – даар делла хилла цо цхьа сахь хиллал болу мекхах а, цхьана хьайбанах а. Уьш массо буьзна дIабаханчул тIаьхьа а и цо кечдина даар жим ца луш, мелхо а совдаьлла хилла.[160]

Цу меттехь кхин а кхача баийна хилла цо цхьа кIеззиг йолчу хурманех, СаIдан кIентан Баши́ран йоIа шен дена а, шен ненавешийна Рава́хьатан IабдуллахIана а еана хилла йолчу.[161]

Iумарна омру дина хилла цо, виъбIе дошлочунна (беречунна) кхачанна хурманаш ло аьлла. Ткъа и хурманаш царна тоьар йолуш ца хилла, цхьана жимчу эмкалан кIорнин барамехь хилла. ХIетте а, Iумара царна еза-езачул цу тIера дIаелча а, цхьа а хурма тIера схьа ца ецча санна лаьтташ хилла уьш чакхенгахь.[162]

Абу ТIалхьатан хIусамехь везткъа стагана вуззалц кхача белла хилла цо, Анаса шен пхьаьрса кIел лаццал хилла долчу цхьа кIеззигчу мекхан сискалех.[163]

Дерриге эскарна (хурманаш) яийна хилла цо, Абу ХIурайратан цхьана тIоьрмиг чура схьа оьцуш (цо мел ели уьш чекх ца йовлуш). Бухайиссинарг цунна юхаелла хилла цо, доIа дина а хилла цо цунна, цу тIоьрмигах беркат дар доьхуш (некъахочо шен кхача лелон тIоьрмиг хилла иза). Кхин цу чура даар хада ца хедаш, Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дийна мел ву цу чура даарх кхача бууш хилла Абу ХIурайрас, тIаккха Абу-Бакаран заманахь а, Iумаран заманахь а, Iусманан замаманахь а (Дела реза хуьлда царна) диъна цо цу чура иштта. Ткъа Iусман вийначул тIаьхьа дIабаьхьна хилла цхьамма. Кхо эзар сахь хиллал хурманаш елла хилла цу чура Абу ХIурайрас Делан некъахь.[164]

Ша́ Зайнаб ялийначу тойнехь дуккха нахана яахIума яийна хилла цо Умм Сулаймас цхьана шуьнахь шена деана долчу даарх. Юург йиъна ваьллачул тIаьхьа цу шуьнара

---

[159] Бухарий, Муслим.

[160] Бухарий, Муслим.

[161] БайхIакъий, «Далаилун-нубуввахI».

[162] Ахьмад, ТIабараний.

[163] Бухарий, Муслим.

[164] Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дина долчу доIийна Дала жоп делла, Дала беркат дина хилла цу хурманех, цундела кхачош ца хилла уьш оццул йолчу хенахь.

даар ша ма-дарра лаьтташ хилла, нахана юкъадиллале дара-те цу чохь даар дукха йа уьш йиъна бевллачул тIаьхьа дара-те аьлла хаттар кхоллалур долуш.[165]

Хьунайнехь тIом болчу дийнахь мостагIчуьнан эскарна тIе шен керахь схьаэцна латта кхоьссина хилла цо, тIаккха нуьцкъала, веза-сийлахь волчу АллахIа иэшийна хилла уьш. Цу эскар юкъахь хиллачерах цхьаболчара аьлла: «Тхуна юкъахь цхьа а ца витира цо, шен ши бIаьрг латтанах дIа ца дузуш». Цу хьокъехь доьссина хилла ду нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIан хIара айат: ﴿Ахь (хьайн ницкъаца) ца кхоьссира айхьа кхоьссинарг, амма АллахIа кхоьссира иза﴾.[166]

И араволу ларвеш, цуьнга ладоьгIуш лаьтташ хилла волчу бIе стагана юккъе ара а ваьлла, церан кортош тIе латта а тесна, кхин царна ган ца гуш дIавахана хилла иза.[167]

(Маккара араваьлла Мединате хIижрат деш иза вогIуш волуш), Суро́къа ибн Ма́лик хилла цунна тIаьхьавогIуш, иза вен йа схьалаца ойла йолуш. ТIаккха иза цунна герга гIоьртича, доIа дина хилла цо цунна доьхьал, тIаккха цуьнан говран когаш лаьттах дахана. Шена и хIума хилча, ша́ маьрша витахьара аьлла дехна цо цуьнга, шена доIа дахьара а аьлла цо, тIаккха Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) доIа дина хилла цунна. АллахIа цу кепара кIелхьараваьккхина хилла иза.

Цуьнан пайхамаралла бакъ хилар гойтуш къегина тешаллаш ду цуьнан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна), гучахь йолу билгалонаш а ю цуьнан, цIена амалш-гIиллакхаш а хилла ду цуьнан. Ткъа вай хIинца дийцинарг церах цхьадерг ду.

АллахIера къинхетам а, маршаллаш а, массо диканаш а, лаккхара даржаш а хуьлда-кх вайн элана Мухьаммадна, цуьнан охIлунна а, цуьнан асхьабашна а.

---

[165] Бухарий, Муслим.

[166] Сурат «Ал-Анфа́л», 17 айатах цхьадерг.

[167] Мединате хIижрат дан иза Маккара шен хIусамера араволучу хенахь хилларг ду кхузахь дуьйцург. Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна.